

**WOOLDY EDSON LOUIDOR**

**KONPRANN, PALE AK VIV AN AYITI**

**APRE 12 JANVYE 2010**

**YON REFLEKSYON SOU**

**SANS LAVI PÈP AYISYEN JOUNEN JODI A**

**Impresos Gina**

***Konprann, pale ak viv an Ayiti apre 12 janvyè 2010***

Liv sa a te enprime nan mwa avril 2010 nan **Impresos Gina** ki chita nan: Carrera 68 C, 57 H-48 Sur, Bogotá, Colombia.  
Telefòn: (57) 311 245 40 81  
Imel: [hdolopezsanchez@yahoo.es](mailto:hdolopezsanchez@yahoo.es)

Foto yo ki sou po liv la, nou te pran yo nan plizyè kan refijye nan vil Tigwaw ak nan kapital Pòtoprens nan mwa fevriye 2010.

© 2010, Impresos Gina

Nimewo depo legal: 10-04-056

Depo legal: Dezyèm trimès 2010, Bibliyotèk Nasyonal d Ayiti.

Liv sa a te fin enprime nan mwa avril 2010.

Enprimè: Impresos Gina, Vil Bogotá, Peyi Lakolonbi.

## **Dedikas**

*Pou: Yves-Nodrine Nelson, Magalie, pwofesè Pierre Vernet, Hubert-Archange Henry, ansanm ak tout fanm, gason, timoun ki te tonbe anba woulo konpresè soukous latè 12 janvye 2010 la.*

*Pou pèp ayisyen an ki kontinye ap bouske lavi san pran souf jounen jodi a, apre gwo eksperyans « san sans », yon eksperyans lanmò nou te viv jou 12 janvye a.*



## **Remèsiman**

M remèsye Stevens Valéry Nelson pou tèt li te korije tout tèks la nèt pou mwen, epi li te ede m presize kèk refleksyon ki pa te fin twò klè nèt ladann. Mèsi anpil, vye frè m!

M remèsye tou rès fanmi m yo ki an Ayiti ak nan Lakolonbi, sitou madanm mwen Angélica ak pitit mwen Olivier, ansanm ak tout lòt zanmi m yo an Ayiti, nan Amerik Latin, Ozetazini, nan Ewòp... ki pa lage m yon may, depi lè gwo trajedi « san non », « san sans » la te frape Ayiti 12 janvye 2010 la.

M voye yon gwo kout chapo bay tout Ayisyen vanyan ak tout militan nan plizyè òganizasyon nan sosyete sivil ayisyèn nan (Gwoup Refleksyon ak Aksyon Nasyonal, SAKS, GARR, PAPDA, ICKL, PAJ, REFRAKA...) k ap goumen pou fè respekte dwa granmoun pèp la, epi pou tabli yon sosyete tou nèf.



## **SA KI ANNDAN LIV LA**

<i>DOUVAN PÒT LA</i> .....	9
<i>PREMYE PATI: YON ÈMENETIK « TANDE »</i> .....	15
<i>DEZYÈM PATI : YON ÈMENETIK « PALE »</i> .....	25
<i>TWAZYÈM PATI : YON ÈMENETIK « PRIYE VEYE »</i> .....	31
<i>KATRIYÈM PATI: YON ÈMENETIK « LAVI »</i> .....	37
<i>I. Chache sans lavi nou kòm pèp, poukisa?</i>	
<i>II. Kèk poto mitan pou nou fè Èmenetik lavi nou kòm pèp</i>	
<i>III. Se nan lavi a tout Èmenetik soti, e se ladann yo dwe tounen</i>	
<i>SENKYÈM PATI: YON ÈMENETIK «LIBÈTE AK DIYITE »</i> .....	55
<i>I. Sans libète pèp la</i>	
<i>II. Sans diyite pèp la</i>	
<i>III. Dyalektik ant transfòmasyon sosyete a ak fòmasyon sitwayen yo</i>	
<i>FINISMAN</i> .....	79
<i>ANÈKS: KREYÒL LA, YON LANG-LANGAJ</i> .....	89
<i>LIV AK DOKIMAN NOU FÈ REFERANS AK YO</i> .....	93
<i>NÒT NAN PYE PAJ YO</i> .....	97





## **DOUVAN PÒT LA**

Nan kontèks peyi d Ayiti ap viv jounen jodi a, kote nou poko janm fin reprann nou nèt apre gwo soukous latè ki te frape peyi a nan dat 12 janvye 2010 ki sot pase a, li enpòtan pou nou *raple eksperyans* nou te fè jou sa a nan moman trajedi a pou nou wè kisa ki te pase nou, pou nou koute rèl ak kesyon eksperyans sa a poze nou, epi pou nou chache ki sans nou vle ba li, sa vle di, kisa nou vle fè ak li, ki kote nou vle ale ak li.

Travay *rapèl* sa a vin chak jou pi difisil paske objè rapèl la, ki se eksperyans nou te fè nan tranblemanntè a, vin tounen pou nou yon kochma, yon move rèv. Jouk jounen jodi a, nou poko janm kwè sa nou te viv 12 janvye a se yon reyalyte, nou poko janm kwè dat sa a te pase reyèlman vre, alòske gen anpil diskou tout plim tout plimay (relijye, politik...) k ap vann kou pate cho ki ta vle bay trajedi sa a yon sans pou nou.

Gen lè nou poko janm fin reveye tèt nou nan kochma sa a : li toujou la nan kè nou, nan lespri nou, tankou yon tilandeng. Nou toujou rete nan 12 janvye 2010 la, nou pa fè yon pa nago yon pa ki-ta. Dat sa a, se li ki rete nan almanak nou, se sèl li menm ki parèt ladann menm lè jou y ap pase, mwa y ap pase.

Èske n ap toujou rete konsa? Èske n ap pase tout lavi nou kòm pèp nan « dat » 12 janvye 2010 la ? Èske n ap fèmen listwa nou ?

Nou pa kwè sa paske pèp ayisyen an toujou ap bouske lavi san pran souf, menm lè nou poko fin wè nèt ki sans pou nou bay lavi nou, sa vle di, ki direksyon pou nou ba li. Nou poko wè kijan nou

ka fè lavi soti, tou klere, nan eksperyans lanmò 12 janvye a. Nou poko wè ki sans pou nou bay eksperyans « san sans » sa a.

Pou nou fè eksperyans sa a tounen yon posiblite pou nou fè lavi soti tou nèt ladann, gen yon bagay pou nou fè anvan : fòk nou *raple* eksperyans nou te fè nan soukous latè 12 janvye a pou nou rankontre l fasafas, pou nou poze l kesyon, pou nou koute kesyon li vle poze nou tou. Se sèlman nan rankont sa a ak eksperyans nou te fè jou sa a n ap kapab reveye tèt nou, reprann enèji nou, libere tèt nou pou nou bay eksperyans kochma « san sans » sa a yon sans pou nou kòm pèp, pou nou fè lavi soti tou limen nan eksperyans fè nwa sa a, eksperyans lanmò sa a.

### **Rapèl 3 rèl ki te pouse nou fè refleksyon sa a**

Nan rapèl sa a nou kòmanse fè sou eksperyans 12 janvye a, gen 3 rèl ki te raple atansyon nou, epi ki pouse nou fè refleksyon sa a sou sans lavi pèp ayisyen jounen jodi a.

Lè evennman an te fin pase, plizyè moun ki te viv li (genyen menm moun ki pa te viv li dirèkteman) ki te fè menm ekspeyans la tou) te temwaye nan moman soukous latè a *yo pa te konprann anyen* nan sa ki t ap pase a.

Lè soukous latè a te fini, gen lòt moun menm ki t ap di yon sèl bagay : « *M pa kapab pale!* » Sèl sa yo t ap fè, se te plenn nan kè, rele anmwey, kriye, mare senti yo; gen lòt ki te danse, ki te kou-ri...

Gen lòt moun menm, apre yo fin tande pitit yo, mari yo, fanmi yo, vwazen yo te mouri, oswa apre yo fin koupe pye yo, konpe ponyèt yo, se te yon sèl bagay ki te nan bouch yo: *M p ap viv ankò!*

3 rèl sa yo « *M pa konprann anyen!* », « *M pa kapab pale!* », « *M p ap viv ankò!* » poze nou kesyon **filozofik** sa a: Kisa “konprann”, « pale » ak « viv » vle di jounen jodi a an Ayiti?

3 rèl sa yo ki soti nan yon eksperyans lavi (ki gen ladann yon eksperyans lanmò, yon ekspeyans san sans), se yo ki oryante refleksyon nou yo kote nou mobilize disiplin filozofik la, sitou filozofi konpreyansyon (Èmenetik), filozofi langaj ak fenomenoloji, pou nou eseye reponn kesyon sa a. Kidonk, se nan yon eksperyans lavi refleksyon nou yo soti, e se ladann tou yo pral tounen.

### **Yon rapèl ki alafwa « terapetik » ak « èmenetik »**

Travay sa a nou anonse pou *raple eksperyans* nou te fè 12 janvyè 2010 la, gen objektif pou ede nou tounen sou eksperyans nou te viv nan trajedi soukous latè sa a, pa pou nou rete ladann, men pou nou leve kanpe, epi pou nou wè ki sans eksperyans sa a genyen pou nou, kisa li vle di pou nou, kisa li vle di nou.

Anplis efè pozitif (yon veritab « katarsis ») rapèl sa a kapab genyen sou sikoloji kolektif pèp ayisyen an ki te viv moman difisil sa a (dirèkteman oswa endirèkteman, andedan oswa deyò peyi a), rapèl sa a pral jwe yon wòl fondalnatal tou nan ede nou bay eksperyans « san sans » sa a yon sans, nan fè nou *konprann* li.

Kidonk, se yon rapèl ki alafwa « terapetik » ak « èmenetik ». Se sèlman lè nou rankontre eksperyans sa a, ba li yon sans, se lè sa a n ap kapab rankontre ak tèt nou jounen jodi a, wè kibò nou vle ale: sa vle di, defini ki pwojè nou genyen pou peyi nou, pou tèt nou, pou lavi nou, pou lavni nou.

## **2 dimansyon rapèl sa a**

« *Rapèl eksperyans* » sa a gen 2 dimansyon :

a) l ap sonje epi fè sonje eksperyans la, l ap envite nou ale nan fon kè nou pou nou tounen sou li, pou nou rankontre li, fè fas kare ak li, yon jan pou nou reveye tèt nou nan kochma a, libere tèt nou tipa tipa, pran eskap nou, leve kanpe apre gwo frap sa a nout sot pran;

b) reprann kesyon yo li poze nou jounen jodi a, tankou pa egzanp: ki sans eksperyans la genyen pou nou ? Ki sans lavi nou genyen apre eksperyans sa a ?...

Premye dimansyon an envite nou fè silans, pran yon atitid « rekèyman » devan gwo trajedi sa a. Yon rekèyman devan tout dram ak dega soukous latè a pote pou fanmi nou, konpatriyòt nou yo, peyi nou an. Yon rekèyman devan viktim nou yo, devan memwa fanm, gason, timoun, granmoun ki mouri anba beton, ki disparèt jouk jounen jodi a.

Dezyèm dimansyon an mete nou devan yon travay ki se « chache sans » eksperyans nou te viv nan soukous latè a, chache repons sou kesyon sa a : ki sans eksperyans nou te viv jou 12 janvyè 2010 la genyen pou nou jounen jodi a?

Se yon travay « èmenetik » paske li vle konprann eksperyans sa a, se poutèt sa l ap pote konkou l pou ede chache chimen ki kapab pèmèt nou bay lavi nou yon sans jounen jodi a.

## **Kisa Èmenetik la ye pou nou ?**

Nou vle fè sonje depi ventyèm syèk la (sitou ak 2 filozòf alman sa yo, Martin Heidegger epi Hans-Georg Gadamer) Èmenetik la vin tounen yon disiplin filozofik ki reflechi sou kisa « konprann » ye, sou ki eksperyans nou fè lè n ap chache konprann, lè nou di nou konprann oswa nou pa konprann. Nan travay sa a, nou pran Èmenetik la nan 2 dimansyon sa yo :

a) tankou yon disiplin (yon refleksyon) ki bay zouti pou konprann, sa vle di, pou chache sans oswa pou bay sans<sup>2</sup> ;

b) aladiferans siyifikasyon tradisyonèl konsèp sa a te toujou genyen, li p ap chache sans yon tèks (labib, lalwa, zèv literè) ni li p ap konvèti tèt li nan metodoloji syans istorik yo (Dilthey), ni li p ap rete sèlman nan yon refleksyon filozofik sou « konprann », men l ap chache konprann pito eksperyans n ap fè nan lavi a (lanmò fè pati eksperyans lavi a tou). Pou nou, Èmenetik la egziste, anvan tou, pou l bay sans ak lavi a, ak eksperyans n ap fè nan lavi a kòm moun, kòm pèp. Nou te deja soutni tèt sa a nan 2 tèks nou te ekri nan 2 lang: youn nan panyòl, lòt la nan franse<sup>3</sup>. N ap gen pou nou tounen sou nannan tèt sa a pi douvan (nan kat riyèm pati travay la).

## **Chapant travay la**

Nan travay sa a, nou pral fè yon Èmenetik « tandè » kote nou pral tounen nan eksperyans nou te fè nan soukous latè 12 janvye a (premye pati).

Nan dezyèm pati a, nou pral fè yon Èmenetik « pale » kote nou pral montre nesese pou nou eseye mete deyò, ekspri eksperyans sa a ki nan yon « degre zewo lapawòl ».

Answit, nou pral devlope yon Èmenetik « priye veye »<sup>4</sup> kote nou pral analize « sa ki pa di yo » ki anba kèk diskou k ap fèt sou 12 janvye a nan kontèks re-konstriksyon peyi a, epi wè nan ki sans (direksyon) ideyoloji ki nan « sa ki pa di yo » ap oryante aksyon moun/Leta/òganizasyon k ap fè kalte diskou sa yo (twazyèm pati).

Nan katriyèm pati a, nou pral jistifye poukisa nou bezwen chache sans lavi nou kòm pèp jounen jodi a; apre, nou pral fè yon Èmenetik « lavi » ki pral pèmèt nou wè ki chimen pou nou pran pou nou kapab rive bay yon sans ak lavi nou kòm pèp, apati sans nou kapab bay eksperyans 12 janvye 2010 la, detan n ap montre rechèch sans lavi a se kote tout Èmenetik soti epi se la yo dwe tounen tou.

Anfen, nou pral montre sans lavi nou tou bon vre kòm pèp makònen ak libète, ak diyite. Ki sans libète sa a ak diyite sa a kapab genyen nan kontèks apre soukous latè 12 janvye a, kote peyi a pèdi prèske tout gwo senbòl li yo nèt, kote nou pèdi prèske tout bagay nèt nou te genyen? Konsa, nou blije fè yon Èmenetik « libète ak diyite ».

« Mwen pa konprann anyen ! »

## **PREMYE PATI: YON ÈMENETIK « TANDE »**

Ki « sans » nou kapab bay eksperyans nou te fè nan tranblemanntè 12 janvye 2010 la, ki li menm se yon eksperyans « san sans »? Nan ka sa a, sa mo sa yo vle di pou nou : « eksperyans », « sans », « konprann » ?

### **Kisa « eksperyans » la ye pou nou ?**

Lè nou di « eksperyans » 12 janvye 2010 las, nou vle pale sou sa nou te viv, premye sa ki te pase nan kè nou, nan tèt nou (anvan menm nou te jwenn mo pou nou di l – nan yon degre zewo lapawòl-). Lè nou di « eksperyans », nou fè referans ak *kijan yon evennman oswa yon reyalite aji sou nou*.

Nou pral anrichi konsèp eksperyans sa a ak konsèp Hegel te itilize nan liv *La phénoménologie de l'esprit*, kote objè a (nou kapab di, reyalite a) ap aji sou sijè a ki vle konnen li ; aksyon sa a toujou fè sijè a rejte (nye) konesans li te genyen anvan sou objè a gras ak yon lòt konesans ki tou nèt, ki ale pi lwen pase (depase) premye konesans li te genyen an (detan l ap konsève premye konesans li te nye a epi depase a)<sup>6</sup>. Se sa ki fè Hegel bay liv li a sou tit sa a : *La science de l'expérience de la conscience*.

Kidonk, pou Hegel eksperyans la se aksyon objè a, reyalite a sou sijè a, sou moun nan. Se sa ki fè eksperyans la toujou « dyalektik » paske li nye yon konesans oswa yon atitud oswa yon premye eksperyans sijè a te genyen, pandan li konsève l epi li ale pi lwen pase l. Menm jan an tou, dyalektik la pa yon bagay anlè anlè, men li se aksyon reyalite a menm sou moun k ap panse l

la tout bon vre a (nan fè li nye, pandan l ap konsève epi depase konesans li, eksperyans li): dyalektik la « eksperyansyèl ».

Nou anrichi konsèp eksperyans nou an tou ak konsèp Gadamer itilize nan liv li a ki rele *Vérité et Méthode*, kote li di eksperyans la gen 2 makfabrik :

a) youn ki « dyalektik » kote moun k ap fè eksperyans la vin gen yon konesans tou nèf ki pi bon pase sa li te genyen anvan an, konesans tou nèf sa a vin nye ansyen konesans li an, detan li konsève l nan eksperyans li : kidonk, eksperyans la se yon sèk ki toujou ap grandi.

b) yon lòt ki « tou louvri » kote moun k ap fè eksperyans la toujou ap « louvri » tèt li ak lòt eksperyans tou nèf. Kidonk, eksperyans la non sèlman ap vin fè nou konnen plis, epi l ap fè nou gen pi bon konesans, men tou l ap fè nou « konnen tèt nou », ki se youn nan pi gwo konesans yon moun kapab genyen, selon filozòf grèk Socrate.

Nan travay sa a, nan yon premye moman n ap kòmanse aplike konsèp eksperyans la nan sans orijinal li, sa vle di, nan « degre zewo lapawòl » : anvan menm nou ba li non. Depi nou mete non sou li, nou gen tan koumanse « konseptwalize » l, nou gen tan koumanse aji sou li. Sa nou vle fè la a : se rann nou kont kijan soukous latè 12 janvyè a te aji sou nou nan moman an, nan segonn nou potko menm ka jwenn non pou nou te bay sa ki t ap pase nou an. Se pou tèt sa, nou vle ale nan yon *degre zewo lapawòl*. Apre, n ap aplike konsèp eksperyans Hegel la (nan makfabrik dyalektik li genyen) ak pa Gadamer a (nan makfabrik tou louvri a).



## Degre zewo lapawòl

Gwo soukous latè ki te pase sou Ayiti jou ki te 12 janvye 2010 la, te mete tout moun bèkèkè. Okenn moun pa te gen bouch pou te pale. Nan kapital Pòtoprens, ak kèk lòt zòn nan depatman Lwès ak Sidès, se te rèl : *tout manman pitit te mare senti yo*. Pa te gen pyès moun ki te *konprann* anyen nan sa ki t ap pase nan peyi a.

Kèk moun gwo trajedi sa a te pran andedan kay oswa nan biwo yo te temwaye yo pa te *konprann* kisa ki t ap pase yo: yo te santi tout bagay t ap tranble ak yo. Gen ladan yo ki di se yon sèl sansasyon ki te pase nan lespri yo ak nan kè yo tankou yon zèklè: “*Yo santi yo t ap prale*.” E yo pa te menm gen bouch pou yo te pale, yo pa te gen tan non plis pou yo te di anyen nan kèk segonn soukous la te dire. Moun ki te nan lari Pòtoprens oswa nan lòt zòn ki te viktim yo te rakonte yo pa te *konprann* anyen tou: se te sèl lafimen blanch yo te wè ki t ap monte.

Menm nou menm ki pa t an Ayiti jou sa a, lè nou te wè nan televizyon oswa sou entènèt sa ki te pase nan peyi a, nou pa t *konprann* anyen tou. Malgre yo t ap esplike se yon soukous latè nivo 7.0 nan echèl Richter ki te frape Ayiti, nou te toujou pa te *konprann* anyen.

Pa te gen mo pou eksprime sa nou te viv la nan moman sa a. Jouk jounen jodi a, nou poko janm kapab jwenn mo ki tonbe daplon pou nou di tout sa ki te pase nou, tout sa nou te viv oswa tout sa nou te wè ki t ap pase nan peyi nou jou sa a. « *Trajedi* », « *dram* »... mo sa yo pa sifi pou yo di sa ki nan kè nou, sa ki annndan nou, sa ki « abite » nan lespri nou.

Nan liv *De Trinitate* (XV, chap. X, 19), Sen Ogisten reprann yon analiz filozòf estoyisyen yo te fè pou li esplike sitiyasyon sa a kote pawòl ki nan kè nou an (*verbum cordis*)<sup>7</sup>, nou pa kapab mete tout li menm deyò, nou pa kapab jwenn mo ni okenn lang ki tonbe daplon pou nou mete li deyò.

Sen Ogisten te ekri nan liv sa a: « Menm lè *verbum cordis* sa a ta rive pran yon fòm sansib nan yon lang konkrè, li p ap janm fin ekspriime tèt li nèt jan li ye nan li menm menm, men pito jan nou kapab wè li (oswa tande li) ak kò nou nan yon moman done. »<sup>8</sup>

Analiz « èmenetik » Sen Ogisten an sanble anpil ak yon pwovèb nou genyen nan lang kreyòl ki di : « *Se sèl kouto ki konnen sa ki nan kè yanm .* » Men malerezman, nan ka eksperyans 12 janvyè a poko gen moun ki jwenn kouto sa a, menm lè gen kèk moun ki ta vle fè konprann yo genyen l.

Selon kèk filozòf tankou Gadamer, Jean Grondin..., se enposiblite sa a nenpòt lang oswa nenpòt mo oswa lòt siy genyen pou li ekspriime pawòl ki nan kè nou an (*verbum cordis*) ki fè Èmenetik la vin inivèsèl, sa vle di, n ap toujou bezwen l pou nou eseye konprann dyalòg n ap fè ak tèt nou toutan (panse nou yo)<sup>9</sup>, panse ki nan fon kè nou, eksperyans « san non », « san sans » n ap fè yo. Nou kapab di eksperyans degre zewo lapawòl sa yo vin fè Èmenetik la nesèsè toupatou epi toutan : li vin fè li nesèsè ak inivèsèl. (Fòk nou di, anvan sa, gen yon pansè romantik, Schleiermacher, ki te gen entwisyon sa a.)

Men, Èmenetik la dwe koumanse “tande” rèl, mo oswa lòt siy *verbum cordis* (oswa lapawòl la ki nan degre zewo a) itilize pou li eseye ekspriime tèt li. Nou dwe koumanse fè yon Èmenetik

« tande »<sup>10</sup>. « Tande » se yon bagay ki menm pi enpòtan pase « wè ». Se konsa 2 gwo sivilizasyon, jwif ak grèk, te konprann li.

Pa egzanp, li enteresan anpil pou nou wè nan Labib la, konkrèman nan liv Egzòd la, Bondye konfye ak Moyiz l ap vin delivre Izrayèl paske, premyèman, “li tande rèl pèp sa a ki nan lesklavay” nan peyi Ejip, epi atravè rèl sa a li “sonje alyans li te fè ak Abram, Izaak ak Jakòb”<sup>11</sup> (Egzòd chapit 2 vèsè 24), epi apre (pi douvan, nan vèsè 25 la) “li te gade nan direksyon pitit Izrayèl yo, epi li te rekonèt yo”.

“Tande” se premye pa oswa premye moman nan pwosesis koneksan oswa rekonesans menm Bondye, selon temwyayaj pèp Izrayèl la ki t ap viv yon moman istorik ki te di anpil: yon eksperyans “san sans” yo t ap fè nan moman sa a, ki se sibi lesklavay.

Men, poukisa “tande” pi enpòtan menm pase « wè »? Grèk yo ba nou repons la : “Moun ou adrese lapawòl la (oswa rèl la) blije tande ou, vle pa vle. Li pa kapab vire zòrèy li, tankou jan li kapab vire je l pou li gade nan yon lòt direksyon (pou li ba ou vag). »<sup>12</sup>

Se sèlman lè ou tande, ou kapab konprann, paske se lè sa a ou kapab sezi *logos* la (sa vle di sans ak verite sa yo di ou a). Se refleksyon sa a ki fè Aristòt ak lòt filozòf yo konprann « tande » a se pote mitan fenomèn èmenetik la.

Dapre Aristòt, se lè nou mete mo yo ansanm nan yon pwopozisyon (sijè, vèb ak konpleman oswa adjektif), se lè sa a nou kapab chache sans li (sa li vle di) ak verite li ki se, dapre filozòf sa a, makònay ki genyen ant sa nou panse a (nou eksprime nan yon pwopozisyon) ak reyalye a.

Se apre nou fin tande, nou kapab konprann. Se sa ki fè nou panse tout Èmenetik k ap fèt sou eksperyans 12 janvye a dwe ale nan degre zewo lapawòl pou li tande rèl, plenn nan kè yo ak tout lòt siy pèp la te itilize pou li te eseye mete deyò pawòl ki te nan kè li, pawòl ki t ap toufe li a (*verbum cordis*).

### **Ekspeyans 12 janvye a nan mak fabrik dyalektik li**

Fòk nou di 12 janvye a, nou pa te prepare pou li, li te pran nou pa sipriz. Nou gen lenpresyon tout sa nou te konnen (swa kòm rezilta edikasyon nou te resevwa, swa kòm tradisyon, kilti nou genyen...), tout sa nou te genyen (estrikti nou yo, enstitisyon nou yo...) te vin pa vo anyen devan gwo dram sa a. Li te vin nye tout konesans nou te genyen yo. E poutan, anvan menm lòt nasyon te vin ede nou nan sitiyasyon ijans la, se ak konesans nou te genyen yo nou te rive eseye fè fas ak kriz sa a.

Egzanp ki pi klè sou sa : se jan Ayisyen yo te koumanse sove frè yo ak sè yo (ak bout zong yo) ki te anba beton yo ; se te ak konesans pa yo yo te koumanse fè sa, menm lè se pa te yon konesans teknik oswa syantifik li te ye, menm jan ak konesans sekouris etranje ki te vini apre yo.

Yon lòt egzanp: pèp ayisyen te koumanse monte kan refijye yo, òganize tèt yo nan kan yo yon fason ki pafwa ekstrawòdinè, anvan menm gouvènman an oswa òganizasyon nan nivo nasyonal ak entènasyonal te vin pote ekspètiz yo.

Men, 12 janvye a mande nou pou nou fè yon pa anplis : pou nou gen plis kreyativite, imajinasyon, « jeni », pou nou remete peyi a kanpe. N ap kapab fè sa si nou itilize konesans nou yo, tradisyon nou yo, kilti nou an ; men tou, fòk nou adapte tout sa yo nèt ak

reyalite tou nèf 12 janvyè a vin kreye. Kidonk, n ap blije rejte (nye) kèk nan konesans sa yo pou nou kreye konesans tou nèf ki alawotè sitiyasyon n ap viv jounen jodi a. Se yon gwo defi nou gen devan nou la a : 12 janvyè a egzije nou depase tèt nou, ale pi lwen pase konesans nou te genyen yo, pandan n ap pati ak (n ap konsève) konesans nou te genyen yo (sila yo ki kapab sèvi nou jounen jodi a) epi n ap rejte (nye) sila yo ki pa sèvi nou yo.

Nan eksperyans 12 janvyè a, nou te wè tou kouman lanmò t ap detwi lavi, men tou jounen jodi a nou devan yon gwo defi, ki se kontinye fè lavi boujonnen malgre eksperyans lanmò sa a nou te fè a : fè lavi soti, limen, klere nan mitan lanmò.

Nou devan defi tou pou nou viv ak lanmò a : nou pa janm konn kilè ankò yon lòt soukous latè, ki fò menm jan oswa pi fò menm pase sa 12 janvyè a, kapab pase nan peyi sa a ki vin chak jou pi vilnerab fas ak fenomèn natirèl yo.

Dèy nasyonal la pou viktim tranblemanntè 12 janvyè a ap kontinye tou pandan anpil tan ankò nan kè nou. Fòk nou koumanse aprann viv ak sa : fòk nou enkli lanmò a (ki te detwi lavi nou, epi ki kontinye ap detwi l) nan lavi nou, sa vle di, fòk nou **depase laperèz lanmò a** (ki se sèl atitid, dapre Hegel, ki kapab fè nou jwenn libète tout bon vre a).

Nan dyalektik « mèt la ak esklav la » Hegel devlope nan *La phénoménologie de l'esprit*, kote filozòf alman an ap pale sou koze « rekonesans youn ak lòt », li fè konprann se laperèz lanmò an ki fè nou pa kapab viv tout bon vre, sa vle di, viv tankou moun : viv ak libète. Nan dyalektik sa a, li esplike se paske mèt la pa pè lanmò ki fè li kapab riske lavi l pou li fè lòt la tounen esklav li. E lòt

la reziye li tounen esklav mèt la, paske li pè lanmò, li pè riske lavi l pou l retire tèt li nan lesklavay : li atache twòp ak lavi li.

Men, mèt la vin tounen esklav esklav la paske tout sa li bezwen nèt se esklav la ki pou fè l pou li : kidonk, lavi l anba men esklav la. Konsa, esklav la vin tounen mèt mèt la. Men, esklav la pa lib paske mèt la pa rekonèt li kòm moun : se esklav li ye, li se pwopriyete mèt la. Nan relasyon sa a, mèt la tou pa kapab jwenn rekonesans li kòm moun, paske sila a ki pou ta ba li rekonesans sa a li pa konsidere li kòm egalego ak li, sa vle di, kòm yon moun, kòm yon moun ki lib. Ki solisyon dyalektik sa a kapab genyen? Hegel di : solisyon an, se esklav la ki pou depase laperèz lanmò a (**depase lanmò a**) pou li riske lavi l, pou l kase chèn nan, epi pou l enpoze tèt li kòm moun, kòm moun ki lib, pou li fè yo rekonèt li.<sup>13</sup> (La a nou kapab konprann tou rèl sa a esklav Sen Domeng yo te fè nan lit pou lendependans Ayiti a: *Viv lib oswa mouri* !)

Fòk nou di Hegel fini liv sa a nan lane 1806 (2 lane apre revolusyon Ayiti a); men, jouk filozòf alman an te mouri (nan lane 1832), mèt esklav Sen Domeng yo, Lafrans, pa te janm rekonèt pèp ayisyen an : rekonèt nou se yon pèp tankou tout pèp, nou se yon pèp ki lib. Ansanm ak lòt mèt yo (Etazini, Lespay, Angletè, Lawoland...), Lafrans te blije Ayiti peye li yon pil ak yon pakèt lajan pou l te « rekonèt » libète nou, pou l te rekonèt Ayisyen yo se moun, pèp ayisyen se yon pèp ki lib.

N ap mande tèt nou si jouk jounen jodi a ansyen mèt sa a resi rekonèt nou se moun, nou lib. Dout sa a kenbe paske jounen jodi a se menm ansyen mèt sa yo (Lafrans, Etazini<sup>14</sup>) k ap pale sou si yo pral mete ou non Ayiti anba « pwotektora ». Okipasyon an pa sifi, yo vle fè l tounen kolonizasyon tou nèf: neyo-kolonizasyon.

Nan sans sa a, èske nou kapab pale de « ansyen » mèt oswa de « nouvo » mèt oswa de « mèt » tou senpman ? Malerezman, gen kèk Ayisyen ki, jounen jodi a, prèt pou fè nenpòt bagay pou fè peyi a toujou rete restavèk « mèt » sa yo.

### **Mak fabrik “tou louvri” a**

Nan lit sa a pou nou depase laperèz lanmò a (pou nou pa pè mache ak sèkèy nou anba bwa nou<sup>15</sup>), n ap aprann plizyè bagay tou. Youn nan premye bagay nou ap konnen, se tèt nou : sa nou ye.

« Sa nou ye » a, se pa sa yo di nou ye a, se pa sa yo vle nou ye a, men se sa nou menm nou vle ye a, tankou jan filozòf egzistansyalis yo te fè nou konprann li a.

Heidegger te di « Sa nou ye a, se sa nou gen pwojè pou nou ye a », alòske Sartre menm te di: « Moun egziste dabò, se apre li pral defini kisa li vle ye nan nannan li. »<sup>16</sup> Lavi nou « tou louvri » devan nou, li se yon fèy blanch : se nou ki pou ekri sa nou vle ladann (apati reyalite nou, apati posiblite nou genyen yo).

Eksperyans 12 janvye a poze nou kesyon sa yo kòm pèp : Kisa nou vle ye ? Ki pwojè nou gen pou lavi nou, pou lavni nou ? Ki sans nou vle bay lavi nou ?





« *M pa kapab pale !* »

## **DEZYÈM PATI : YON ÈMENETIK « PALE »**

« **Sispann rele, fòk ou pale.** »<sup>17</sup>

Moman an rive pou nou menm ki te viv eskperyans 12 janvye a (andedan oswa deyò peyi a) pou nou deplwaye nan tout longè l « degre zewo lapawòl la ». Fòk nou « sispann rele, fòk nou pale » paske « pawòl la se li menm ki kreye tout bagay ... se ladann lavi a ye.»<sup>18</sup>

« Pale », se eseye mete sa ki nan kè nou an (*verbum cordis*) deyò : tout sa nou kenbe nan kè nou depi lè soukous latè a te pase a jouk jounen jodi a. Pale, nan kontèks eskperyans sa nou te viv la, se yon enèji, se yon fòs ki andedan nou ki vle sòti, k ap boulvèsè nou paske li gen twòp enèji pou nou. Pale se liberasyon nou.<sup>19</sup>

Fòk nou pale youn ak lòt tou pou nou kapab chache konprann sa ki te pase nou an, sa nou pral fè ak tèt nou, ak peyi nou. Fòk nou pale youn ak lòt pou nou kapab chache chimen pou nou re-konstwi peyi nou, pou nou re-konstwi tèt nou.

Se sèlman konsa, nan mete sa nou gen nan kè nou deyò, nan bay non, nan bay sans ak eskperyans nou te viv la, se sèlman konsa n ap kapab jwenn lavi ak sans lavi n ap bouske a. Se andedan pawòl la lavi a ye, sans lavi a ye.

Efektivman, si nou pa pale pou nou chache konprann eskperyans nou te fè nan soukous latè 12 janvye 2010 la, n ap toufe, n ap mouri.

## **Nan ki lang oswa nan ki langaj pou nou pale?**

Nou kapab pale nan nenpòt ki *lang*, men nou dwe konnen se sèlman nan *langaj* nou n ap kapab konprann (tèt nou, lòt yo, eksperyans yo, mond lan, lavi nou...), sa vle di, bay sans. Edouard Glissant te ekri : « Mwen pale ak ou nan lang ou, men se nan langaj mwen m konprann ou. »<sup>20</sup> Pou pansè karayibeyen an, pou yon lang kapab vin langaj « fòk kolektivite a santi li, viv li kòm lang pa li, men pa kòm lang yon lòt. »<sup>21</sup>

Si nou viv kreyòl la, franse a, panyòl la, angle a... kòm lang pa nou, li ap vin tounen langaj pa nou, dapre lotè sa a. Men, nan ka pa nou, kote majorite a se sèl kreyòl li pale, pa gen okenn dout kreyòl la se lang-langaj nou. Nou pou yon « miltilengwis » kote nou kapab pale lang nou vle, aprann lang nou vle, menm adopte lang nou vle, men nou klè sou pwèn sa a: premye lang-langaj nou kòm pèp, se kreyòl la. Poukisa? Paske tou senpman « se kreyòl nou ye ». Se nan orizon sa a nou premye fè eksperyans mond la (nonmen li), eksperyans lavi a. Se nan li menm tou nou fè mond ki ozanlatou nou an vin tounen yon mond lavi pou nou, « mond pa nou », yon mond « ayisyen » : mond sosyal, mond politik, mond kiltirèl...

Lang se pa yon fwontyè ki make kibò ou kapab rive, kibò ou pa kapab rive : se pa yon faktè ki sèlman limite ou. Lang se orizon li ye : li fè ou wè epi viv mond la apati yon pèspektiv, apati yon vizyon, apati yon eksperyans. Lè ou aprann yon lòt lang, ou penetre yon lòt orizon : ou fonn orizon ou ak yon lòt orizon. Kidonk, ou louvri orizon ou. Ou anrichi langaj ou, sa vle di : vizyon mond ou, eksperyans lavi ou.

Nou pa inyore gen moun ki kapab itilize lòt lang pou pale sou sa yo te viv jou 12 janvye a, pou yo eseye mete deyò pawòl ki nan kè yo (*verbum cordis*), e nou pa kont yo tou. Sèl sa nou di la a, sèke lang ki pi pwòch majorite a pou li pale, pou li mete eksperyans sa a deyò ak mo oswa ak lòt siy, se kreyòl la. Pou nou repete Jean Dominique, « kreyòl la se pa sèlman yon lang ki fèt ak mo, men se yon lang ki genyen siy tout peyi a konprann nèt. »<sup>22</sup> Kidonk, nan anpil siy sa yo (plenn nan kè, mare senti, pa egzanp) nou te ekspriime tèt nou pandan oswa touswit apre eksperyans 12 janvye a, n ap mande tèt nou si n pa te gen tan kòmanse pale (nan lang-langaj kreyòl la).

Nou panse li fondanatal pou n pale ak lang-langaj nou paske se li menm ki ap pèmèt nou mobilize resous tout kalte (lengwistik, jes-tyèl, kiltirèl, sosyal, politik...) ki pwòp ak nou menm (ki kreyòl, ki ayisyen tout bon vre) pou non sèlman mete deyò pawòl ki nan kè nou, men tou pou n dyaloge ak tèt nou, pou nou fè dyalòg nasyonal n ap bezwen an pou nou chache konprann eksperyans nou te viv nan soukous latè 12 janvye a. Yon dyalòg ki ap pèmèt nou jwenn yon gwo konsansis sou sa nou vle fè ak eksperyans sa a, sou ki kote nou vle ale kòm pèp, kòm peyi !

Apati analiz Heidegger fè nan *Être et temps*, nou kapab pote plis presizyon sou diferans ki genyen ant lang ak langaj<sup>23</sup>, epi pèmèt nou konprann poukisa langaj la kapab ba nou plis resous pase lang la. Langaj la (nan tèminoloji alman Heidegger itilize, *Rede*) se yon estrikti ki pèmèt nou rantre nan mond la, epi li pèmèt mond la rantre nan nou menm tou. Li se yon pon ant nou menm ak mond lan. Li pèmèt nou fè eksperyans mond la, nonmen mond la, bay mond la yon sans pou nou reyalize tèt nou: pou nou vin sa

nou vle ye a, pou nou « egziste ».

Lang nan menm (nan tèminoloji alman Heidegger itilize, *Sprache*), se enstriman nou itilize pou nou eksprime relasyon fondamantal sa a ki genyen ant nou menm ak mond la. Langaj la ba nou yon mond ki pèmèt nou genyen yon vizyon mond, yon eksperyans la-vi..., men se nan yon lang konkrè nou eksprime tout sa langaj la ba nou an (mond la ansanm ak tout nou menm, lòt moun yo, kilti a, sosyete a...).

Kidonk, nou kapab wè lè nou rantre nan fon kè nou, nan nannan nou, sa nou rankontre se langaj la : tout lang se yon jefò yon pèp, yon moun ki ap pale fè pou li eseye eksprime langaj li. Pawòl ki nan fon kè nou an, se nan langaj la li eksprime tèt li. Lang nan se yon zouti pou mete deyò pawòl sa a, langaj la.

Lè nou ap pale, nou itilize yon lang pou nou fè lòt moun nan konprann (nan lang sa li pale a); men, lè n ap konprann, nou rantre nan yon mond ki andedan (swa andedan nou, swa andedan yon lòt moun) langaj nou louvri pou nou. Nan kontèks sa a, Heidegger rejwenn Glissant ki di: « Mwen pale ak ou nan lang ou, men se nan langaj mwen m konprann ou. »

**Kisa nou te vle di lè nou te di « *Nou pa konprann anyen !* » ?**

Nou p ap bliye sa n ap chache a, ki se bay yon sans ak eksperyans nou te viv 12 janvyè 2010 la. Men, pou nou konprann eksperyans sa a, fòk nou tounen sou youn nan rèl nou te fè: *Nou pa konprann anyen !*

Kisa nou te vle *konprann* nan moman sa a? Èske se soukous latè a nan li menm menm, oswa sa ki te pase nou nan moman sa a,

sa nou t ap viv la?

Nan yon premye moman, se pa esplikasyon lasyans nou t ap tann sou sa ki te lakòz soukous latè a. Se pa te yon jistifikasyon « teyolojik » non plis nou t ap rete tann pou nou te konprann kisa Bondye, lwa Ginen yo oswa Satan te gen pou te wè nan sa, menm si touswit apre te gen plizyè diskou relijye ki t ap vann kou pate cho.

Se yon bagay ki tou senp nou t ap rete tann : nou te vle jis *konprann*, sa vle di, «*jwenn sans soukous latè a.*» Nou te vle jwenn yon mo pou kalifye sa ki te pase nou an. Men, nou pa te ka rive jwenn okenn mo ni okenn sans non plis pou nou te bay gwo trajedi sa a, pou yon rezon ki tou senp : *soukous latè a pa te gen sans nan li menm !* Nou pa te kapab jwenn mo pou n te ekspri sa nou te viv nan eksperyans « san sans » sa a!

Soukous latè a pa te siyale anyen, li pa te vle di anyen non plis nan li menm menm. Se poutèt sa nou pa te kapab konprann li : soukous latè a « san sans » nan li menm, e se eksperyans « san sans » nou te fè nan moman fenomèn sa a te pase a oswa lè nou te fèk pran konesans ak li. Yon eksperyans nou pa te kapab bay non. Nou te « eksperimante » sa yo rele « san sans » la (*absurde*, nan lang franse), ki se yon eksperyans lespri nou pa kapab konprann ni li pa kapab defini. Yon eksperyans lang nou yo pa kapab ekspri kòm sadwa.

Selon filozòf alman Edmund Husserl, nou te kapab di soukous latè a pa yon siy (nan lang alman, *Zeichen*), ki se nenpòt ki bagay-nou kapab sezi ak sans nou yo- ki pèmèt nou rekonèt yon lòt bagay: li pa ni yon endis (nan lang alman, *Anzeichen*) paske li pa en-

dike nou anyen, li pa yon ekspresyon (nan lang alman, *Ausdruck*) non plis paske li pa gen okenn siyifikasyon, li pa vle di anyen (nan lang alman, *Bedeutung*) ni li pa gen okenn kontni ideyal oswa es-pirityèl (nan lang alman, *Sinn*)<sup>24</sup> omwens imedyatman (nan mo-man soukous latè a).

Ki sans yon gwo tonton fenomèn trajik konsa ki detwi lavi fanmi nou, zanmi nou, vwazen nou, kay nou, elatriye, te kapab genyen pou nou nan moman sa a? Ki sans yon gwo woulo konpresè konsa ki kraze yon bon pati nan peyi nou, ki pote ale rèv nou, lespwa nou, ki mete dlo nan je nou, ki vin fè nou plis tonbe nan lamizè, te kapab genyen pou nou nan moman sa a?

Nou te gen anpil anpil rezon pou nou te di *Nou pa konprann anyen*, sa vle di, eksperyans sa a pa te gen okenn sans nan li menm.

Se sa ki fè nou panse nou pa te kapab bay eksperyans sa a yon sans nan moman li te pase a oswa lè li te fèk fin pase. Men, nou panse tou li nesesè pou nou *raple* eksperyans sa a, pou nou sonje li, rankontre li, yon jan pou nou kapab ba li yon sans pou nou jounen jodi a.

Tankou jan nou te di li nan entwodiksyon travay la, rapèl sa a li èmenetik, anplis li kapab terapetik tou (ede nou libere tèt nou, geri tèt nou). Konsa, lè nou fin libere tèt nou, se lè sa a n ap kapab ba li yon sans total kapital: makfabrik terapetik la ap kondi nou nan makfabrik èmenetik la.

Men tou, nou kapab di se lè nou fin bay eksperyans sa a yon sans, n ap kapab fin libere tèt nou nèt al kole : makfabrik èmenetik la ap kondi nou nan makfabrik terapetik la.

« *Se sèl kouto ki konnen sa ki nan kè yanm.* »

## **TWAZYÈM PATI : YON ÈMENETIK « PRIYE VEYE »**

Jounen jodi a, nan kontèks sa a kote peyi nou an tonbe fasatè, konpatriyòt nou yo ap soufri, yo nan doulè, gen kèk moun, kèk leta nan lòt peyi ak òganizasyon k ap fè diskou tribòbabò sou sans soukous latè a genyen, sitou nan pwosesis re-konstriksyon peyi a. Anpil nan « sijè » sa yo vle fè konnen yo jwenn « kle » ki kapab fè nou konprann kisa ki te pase nou jou 12 janvyè a. Fòk nou fè yon Èmenetik “priye veye” fas ak tout sans, tout konpreyans y ap vann nan fo mamit diskou sa yo.

Nou p ap analize la a diskou tèt anba yo, tankou pa ekzanp sila yo ki vle fè konprann tranblemanntè 12 janvyè a se « konsekans peche Ayisyen yo », se yon « malediksyon »... Nou pral analize lòt diskou ki pi sibtil, ki menm parèt inosan, akseptab (menm lè nou konnen pa gen diskou ki inosan), poutan yo kapab mete anba yo sans ki pa ale nan enterè pèp ayisyen an, men pito nan enterè pa « sijè » sa yo k ap fè diskou sa yo.

An n pran 3 ladan kalte diskou sa yo: « *Ayiti kraze !* », « *Pèp ayisyen an sot resevwa yon move kou !* », « *Leta ayisyen vin pi fèb pase jan li te ye a!* »

Anvan tout bagay, fòk nou raple Èmenetik la (sitou Gadamer nan liv *Vérité et méthode*) fè nou konprann tout afimasyon vle pote repons ak yon kesyon. An n gade ki kesyon 3 diskou sa yo ta vle reponn.

Nan kontèks pwosesis re-konstriksyon Ayiti a, kesyon diskou sa

yo vle reponn nan, se: *Èske pèp ayisyen an kapab re-konstwi Ayiti jounen jodi a ?*

Diskou sa yo ta vle montre sitiyaasyon peyi a ap viv apre soukous latè a vin demantibile tout kapasite peyi a genyen pou li pran tèt li an men. Si nou konfwonte diskou sa yo ak lòt diskou òganizasyon nan mouvman sosyal Ayiti yo ap fè, nou kapab rann nou kont òganizasyon sa yo plis ale nan sans pou sosyete sivil peyi a ta kore Leta a, pou ansanm yo toulède fè re-konstriksyon peyi a. Òganizasyon sa yo plis ensiste tou sou jefò pèp ayisyen an te fè epi ap kontinye fè pou bouske lavi, pou pote solidarite ak sila yo ki nan plis bezwen, pou fè fas ak kriz la.

Òganizasyon yo plis montre pèp ayisyen an gen kapasite pou li ede tèt li, pou li kenbe diyite l, menm lè li nan bezwen epi l ap viv yon sitiyaasyon ki difisil anpil. Diskou òganizasyon yo plis kore lide pou ta gen yon chita tandè, yon « patenarya » ant Leta ak sosyete sivil la pou nou fè yon sèl pou sove peyi a, alòske 3 diskou sa yo plis mete aksan sou enkapasite Leta a ak pèp la devan sitiyaasyon an (fòk nou wè tou diskou sa yo ta plis vle dramatize sitiyaasyon an). Imaj gwo chèn televizyon entènasyonal yo t ap montre apre 12 janvyè a te vle fè konprann aklè Ayiti tounen yon kawo, kote chen ap manje chen.

Èmenetik la di nou tou (sitou Heidegger nan liv *Être et temps*) lè gen yon kesyon ki poze, fòk nou kapab wè apati de kibò (nan ki kontèks) kesyon an poze. Kesyon sa a ki anba 3 diskou n ap tante fè analiz èmenetik yo la a, se apati yon kontèks kote peyi a anba okipasyon militè depi mwa fevriye nan lane 2004. Yon okipasyon ki genyen tou dimansyon sosyal, politik, ekonomik, epi ki vle



oryante pwosesis re-konstriksyon peyi a. Okipasyon sa a gen ideyoloji pa li, ki pa nesèsèman yon ideyoloji militè, men pito yon ideyoloji ki anndan yon diskou ki « maske ». Yon diskou ki mete rad solidarite, rad koperasyon sou li.

Anfen, Èmenetik la fè nou konnen tout kesyon gen yon jan pou poze li, paske objektik kesyon an se louvri chimen pou fè nou jwenn repons la oswa pou bay repons la yon sans. Nan kontèks sa a, nou panse jan kesyon sa a poze a se andedan yon diskou ki parèt inosan, men ki gen yon ideyoloji ladann. Se sa ki fè nou panse anvan nou fè yon analiz ideyolojik pou nou wè fason sans diskou sa yo oryante epi jistifye aksyon yo ki ale nan enterè moun/lòt Leta/enstitisyon yo ki pwodui diskou an, fòk nou ta fè yon analiz èmenetik, sa vle di, chache « sa ki pa di a » (kontni ideyal, espirityèl la) nan materyalite diskou a (nan sa ki di a). Nou pa rejte tou nou kapab fè yon analiz sou materyalite diskou a (yon analiz diskou): sa vle di yon analiz gramatikal, lojik, etimolojik, estriktiral, mòfolojik, semyotik... sou diskou a, anvan nou fè analiz èmenetik la ak analiz ideyolojik la.

Si nou ta vle kontinye fè yon analiz èmenetik rapid sou 3 diskou sa yo, apati ipotèz nou te fè sou kesyon ki kapab dèyè diskou sa yo, apati kibò epi kouman kesyon an te poze, nou te kapab jwenn rezilta sa yo.

### **Ayiti kraze**

“*Ayiti kraze!*” Sa kapab vle di : si nou vle re-konstwi Ayiti, kote pou nou fè plan re-konstriksyon sa a se pa an Ayiti, men se nan lòt peyi.

Si nou pa fè atansyon, yo ka menm rive mete nou deyò nan monte plan sa a ; yo kapab fè sa yon jan ki sibtil : òganizasyon oswa peyi kote y ap fè plan an kapab senpman envite otorite nou yo san yo pa gen okenn wòl enpòtan pou yo jwe. Rezilta a, se yon plan re-konstriksyon ki byen monte y ap ba nou pou nou egzekite. E yo ka menm vin egzekite l pou nou !

### **Pèp ayisyen an sot resevwa yon move kou**

*“Pèp ayisyen an sot resevwa yon move kou!”* Anpil Ayisyen te mouri, e sila yo ki gen chans pa mouri, y ap voye mò yo ale, y ap antere kadav yo (si yo te gen chans jwenn kò yo). Kay Ayisyen yo (peyi a) ki ta sipoze kay pa nou -menm lè li kraze-, se lòt moun k ap fè plan re-konstriksyon li pou nou, se vwazen yo, se etranje yo ki ta vle bati l pou nou. Poukisa? Paske “nou pa kite mò yo antere mò yo”, nou pa kapab swiv Jezi, padon! nou pa kapab swiv “sovè” nou yo! Kidonk, nou se mò tou! Sèl bagay n ap fè: se antere mò yo. Nou pa kapab fè anyen pou tèt nou. Nou p ap viv! Nou se mò! Nou pa kapab bati okenn pwojè lavi, okenn pwojè lavni, menm pou tèt nou ki deja mouri!

### **Leta ayisyen an vin pi fèb pase jan li te ye a**

*« Leta ayisyen an vin pi fèb pase jan li te ye a! ».* Sa kapab vle di: si anvan li te fèb, li pa te kapab jwe wòl li kòm sadwa, se te lòt nasyon ki te blije vin “pote l sekou”, kounye a menm se pi mal. Li p ap kapab fè anyen: kidonk, plan pou re-konstwi peyi a se lòt nasyon ki pou fè l pou li.

Anpil òganizasyon ak sitwayen konsekan nan sosyete sivil ayisyen lan te leve kanpe plizyè fwa kont tout atitid ak konpòtman

ki soti nan sans sa yo ki kapab dedui nan 3 diskou nou sot analize yo. Yo te leve kanpe kont tout konsekans sans sa yo (ki dèyè aksyon yo) kapab genyen sou pwosesis re-konstriksyon peyi a. Yo te leve vwa yo plizyè fwa pou di yo mete yo deyò nan pwosesis re-konstriksyon an. Yo te leve vwa yo tou pou di re-konstriksyon an se pèp la ki pou fè li, epi se nan enterè pèp la pou li fèt.

Nou te fè egzèsis sa a jis pou nou montre kijan diskou yo pa inosan, yo plen « jijman valè » ladan yo, yo chaje ideyoloji, yo ranpli ak “sa ki pa di”. E jeneralman se “jijman valè yo”, “ideyoloji yo” ki nan “sa ki pa di yo” ki oryante aksyon moun ki fè diskou sa yo, sitou nan moman ki delika n ap viv jounen jodi a kote y ap pale sou re-konstriksyon peyi a.

Òganizasyon nou yo ak sitwayen nou yo ap fè fas kare jounen jodi a ak kalte diskou sa yo (konkrètman, 3 kalte nou sot fè analiz èmenetik yo), ak “sa ki pa di” ladan yo (ideyoloji yo), ak aksyon yo jistifye yo. Malerezman, diskou sa yo se diskou “dominan » yo ye, sa vle di, “diskou” gwoup moun, lòt Leta ak òganizasyon yo k ap domine Ayiti.

Marx te pale nan *L'idéologie Allemande*<sup>25</sup> sou “ideyoloji dominan” an li defini tankou « panse klas dominan an », sa vle di, « klas ki gen pouvwa espirityèl dominan nan sosyete a” paske l gen “pouvwa materyèl dominan an”, epi se li « ki gen mwayen pwodiksyon materyèl yo », se li ki gen « mwayen pwodiksyon espirityèl yo” tou. Lide dominan sa yo klas dominan an pwodui a, se “lide ki reflekte rapò materyèl yo ki fè klas sa a dominan”, se “lide dominasyon li”.

Nan ka pa nou, klas dominan an pa sèlman nan sosyete a, men li deyò li tou. Li nan sa yo rele *kominote entènasyonal* la tou kote gen kèk moun/òganizasyon/lòt Leta ki pafwa itilize kèk gwoup nan peyi a pou ede yo defann enterè pa yo. Lide prensipal okipasyon an (paske se pa sèlman yon dominasyon), “sa ki pa di” nan diskou yo, se montre enkapasite pèp ayisyen pou pran tèt li an men, pou li gouvène tèt li, pou li vin lib. Se yon lide ki chita sou volonte “ansyen” mèt nou yo genyen pou yo pa janm rekonèt Ayisyen se moun, pèp ayisyen se yon pèp ki lib, epi ki kapab egzès libète l kòm sadwa. Se yon ideyoloji ki gen yon fon kolonyalis, rasis “ansyen” mèt yo (èske yo pa toujou mèt nou?) genyen depi lontan, epi ki toujou jistifye ak oryante tout aksyon y ap mennen an Ayiti.

Nou ensiste sou enpòtans pou nou fè Èmenetik priye veye a pou nou analize diskou yo anvan, sa vle di, jwenn « sa ki pa di » ladan yo, ideyoloji (ki ladan “sa ki pa di” yo) ki oryante aksyon moun/lòt Leta/òganizasyon yo ki ap preche diskou sa yo. Tankou jan Marx di li a, diskou sa yo se diskou dominan yo ye: se yo ki enpoze tèt yo nan sosyete a, yo vle fè konprann se yo ki jwenn “kouto” pou fè konprann sa k ap pase nan “kè” peyi a. Pou konprann yo oswa pou demaske yo, fòk ou ale pi lwen pase yo, pafwa fòk ou ale jouk nan aksyon moun/lòt Leta/òganizasyon sa yo ap fè sou teren an.

*“Mwen p ap viv ankò!”*

## **KATRIYÈM PATI: YON ÈMENETIK « LAVI »**

Poukisa nou bezwen, kòm pèp, chache sans lavi nou jounen jodi a ? Lè nou di n ap chache sans lavi nou kòm pèp, èske sa ta vle di lavi nou pa te janm gen sans anvan sa, depi lendepans peyi a nan lane 1804 jouk jounen jodi a ? Èske pa gen lòt bezwen ki ijans n ta dwe chache rezoud kòm pèp, olye nou chita ap « pèdi tan » reflechi sou kesyon filozofik tankou, pa egzanp, chache sans lavi nou?...

Nou te kapab poze tèt nou yon pil ak yon pakèt kesyon ankò sou si refleksyon n ap fè la yo sou sans lavi nou kòm pèp vo lapenn. Nou ta renmen reponn kesyon sa yo k ap sèvi kòm jistifikasyon travay sa a.

Nan yon dezyèm moman, nou pral mete kanpe kèk poto mitan Èmenetik lavi nou kòm pèp, alòske nan yon twazyèm moman nou pral montre tout Èmenetik se nan lavi a li sòti, e se la yo dwe tounen.

### **I. Chache sans lavi nou kòm pèp, poukisa?**

*»Nou pa lib pou nou chwazi sa ki pase nou, men nou lib pou nou reponn ak sa ki pase nou nan yon fason oswa nan yon lòt.»<sup>26</sup>*

Petèt anvan eksperyans soukous latè 12 janvyè 2010 la, nou pa te konsidere kesyon sou sans lavi nou kòm pèp te tèlman enpòtan pou nou. Men, jounen jodi a, nou rive nan yon kalfou istorik, kote nou pa wè ni devan ni dèyè kòm peyi, kote nou poko

wè ki wout pou nou fè kòm pèp, kote nou nan mitan yon avan » ak yon « apre » nan listwa nou, kesyon sou sans lavi nou kòm pèp vin enpòtan pou nou.

Jounen jodi a, y ap pale sou re-konstriksyon andedan kou deyò peyi a, men nou poko janm kapab rejwenn tèt nou nan demach y ap fè yo : nou santi yo mete nou deyò. Anpil sitwayen ak òganizasyon nan sosyete a ap denonse demach sa yo ak pwojè oswa plan rekonstriksyon sa yo, men fòk nou pwopoze tou, fòk nou di sa nou vle pou tèt nou, fòk nou di ki wout nou vle pran kòm pèp. Fòk nou goumen pou n fè tandè vwa nou, pou n enpoze tèt nou.

Eksperyans 12 janvye a blije nou leve kanpe kòm pèp, li egzije nou leve bonè pou twò ta pa bare nou nan moman sa a kote nou gen yon opòtinite pou n rebat kat peyi a, men gen anpil menas tou ki pandje sou peyi a: menas pou nou vin plis restavèk, pou yo jwe ak diyite nou. E se yon bezwen pi fò sektè nan peyi a rekonèt yo genyen jounen jodi a: bezwen pou n mete tèt nou ansanm, travay ansanm, lite ansanm, dyaloge youn ak lòt (solidarite) pou nou pran peyi nou ak tèt nou an men (sans reskonsablite).

Solidarite ak sans reskonsablite sa a, se pou nou reponn ak sa ki te pase nou 12 janvye a (ki vin mete abse sou klou), epi pou n chwazi kisa nou vle fè ak peyi a, ak tèt nou, ki kote nou vle ale kòm pèp (sans lavi nou). Nou blije fè sa a kounye a, sinon se lòt yo ki pral fè l pou nou : se yo ki pral di nou kijan pou nou re-konstwi peyi nou, epi kisa pou nou fè ak lavi nou, ak lavni nou.

« Nou pa lib pou nou chwazi sa ki pase nou, men nou lib pou nou reponn ak sa ki pase nou nan yon fason oswa nan yon lòt », se yon lide enteresan Fernando Savater, yon filozòf ki soti nan peyi Lespay, te ekri. Atravè mouvman sosyal yo k ap goumen nan peyi a kont tout plan re-konstriksyon yo vle enpoze pèp la, sosyete ayisyèn nan montre li konprann byen sa filozòf espayòl la di a, e li eseye aplike li nan kontèks peyi a ap viv jounen jodi a. Nou pa te lib pou nou te chwazi soukous latè 12 janvyè a, men nou vle lib pou nou reponn *jan nou vle a* ak eksperyans sa a. Repons sa a egzije pou nou « re-konstwi » tèt nou pou nou kapab « re-konstwi » peyi nou ; men, nou ap gen pou fè sa apati sa nou ye jounen jodi a, apati sa nou genyen kom richès, kòm feblès... Fòk nou pati yon kote pou nou rive kote nou vle ale a. Kidonk, pou nou soti yon kote pou nou ale nan yon lòt, nou bezwen yon direksyon. Sans lavi nou, se egzakteman direksyon sa a nou bezwen jounen jodi a pou nou mennen lavi nou kòm pèp.

### **Èske lavi a pa te genyen, anvan sa, yon sans pou pèp ayisyen an ?**

Gen yon reyalite ki frape tout moun oswa òganizasyon (ayisyen kou letranje) ki vin an Ayiti apre 12 janvyè. Yo te sezi wè kouman touswit apre soukous latè a Ayisyen yo te koumanse ap bouske lavi. Anpil ladan yo pa te rete ap tann èd imanità, yo te mete kretyativite yo deyò pou leve kanpe apre trajedi a, pou kontinye lavi yo, malgre gwo difikilte tout kalte yo t ap fè fas. Sa a se te yon gwo leson diyite pèp la te bay.

Jouk jounen jodi a, pèp la ap kontinye bouske lavi, malgre ni gouvènman peyi a ni kominote entènasyonal la poko janm kapab fin rezoud kriz imanità a nan anpil kote nan zòn ki afekte yo.

Pèp la ap itilize tout resous (kilti, relijyon, fason li òganize l yo, mòd rezistans li yo...) ki andedan li kòm fòs pou li fè fas ak kriz sa a ki vin pi fò apre soukous latè a. Nou kapab di pèp la pran yon gwo so, men li montre li poko tonbe, e li vle kontinye viv, pa nenpòt kijan, men ak diyite. Pèp la toujou vle kenbe diyite l, depi nan tan lesklavay anba Lafrans, pase nan okipasyon meriken rive jouk nan okipasyon militè jounen jodi a, san nou pa bliye diktatè yo ki te enstale rejim kraze zo nan peyi a. Se sans sa a lavi pèp ayisyen an te genyen anvan sa: diyite ak libète. Yo te menm prefere lanmò pase yo te viv anba lesklavay, anba kraze zo, anba tout sa ki te anpeche yo viv tankou moun, sa vle di, viv tout bon vre...

Yon lòt sans pèp ayisyen te montre klè kou dlo kòk li te bay lavi l, se volonte pou patisipe nan lavi peyi l kòm sadwa : kapab bay dizon li nan zafè peyi l. Lit kont rejim diktati Divalye a kote pèp ayisyen an te jwenn gwo viktwa 7 fevriye 1986, epi apre kont diktati militè ki te vin apre yo, lit sa yo montre volonte pèp sa a te genyen pou li pa viv anba kòd, pou yo pa mete baboukèt nan bouch li, pou li kapab patisipe nan lavi peyi l kòm sadwa. Lit kont koudeta militè yo te fè nan lane 1991 kont ansyen prezidan Jean-Bertand Aristide la montre tou kouman pèp la batay pou fè respekte volonte l.

Anpil pitit pèp la te pèdi lavi yo nan lit sa yo, e menm apre. Nou kapab site non jounalis Jean Dominique yo te sasinen jou ki te 3 avril 2000 la nan lakou estasyon Radyo Ayiti.

Tout san sa yo ki te koule, se senbòl lit pèp la t ap mennen pou li di ki sans li te vle bay lavi l : diyite, libète, demokrasi. San sa



yo te sèvi kòm angrè pou fè 3 pye bwa sa yo boujounen. Men, jouk jounen jodi a, nou poko janm kapab di 3 ideyal sa yo pèp la t ap goumen pou yo a tounen yon reyalite tout bon vre : 3 pye bwa sa yo poko fin pouse nèt.

Nan kontèks jounen jodi a, lavi a poze nou kesyon sa a apre eksperyans 12 janvye a : *ki sans nou vle bay lavi nou ?*

Èske se sans nou te toujou vle ba li a, sa vle di, yon lavi ak diyite, ak libète, nan demokrasi? Èske 3 valè sa yo toujou rete yon ideyal pou nou, sa vle di, èske se nan direksyon yo nou vle kontinye mache ? Èske gen lòt bagay ki pi fondanatal pou nou jounen jodi a pase 3 valè sa yo ? Kibò nou vle ale kòm pèp jounen jodi a?

Kesyon sou sans lavi nou kòm pèp jounen jodi a ta sanble yon kesyon filozofik ki anlè anlè, men, tankou jan listwa toujou mande nou li an kòm pèp, se ak lavi nou, ak san nou, nan gwo lit ak bon jan rezistans, se sèlman konsa n ap kapab bay repons ak kesyon sa a. Se kòm pèp tou n ap gen pou nou bay repons sa a. Anplis, se ak sans reskonsablite n ap gen pou reponn : reskonsablite fas ak tèt nou kòm pèp, fas ak pase nou, fas ak prezan nou, fas ak lavni nou.

« Reponn kesyon sou sans lavi nou, se reponn lavi a ak pwòp lavi pa nou »<sup>27</sup>, se yon lide sikyat Victor E. Frankl te ekri pou li di : chache sans lavi a mache ak pran reskonsablite nou nan men nou.

Eksperyans nou te fè nan listwa nou kòm pèp nan goumen pou fè 3 valè sa yo vin tounen yon reyalite, kapab sèvi nou kòm le-

son. Menm lè nou ta vle toujou kenbe yo kòm sans pou lavi nou, fòk nou adapte yo ak reyalite jounen jodi a, sitou apre 12 janvyè a: se ak pwòp lavi nou n ap gen pou nou fè chwa 3 valè sa yo epi pou fè yo tounen reyalite.

### **Èske pa gen bezwen ki pi fondanatal pou pèp la jounen jodi a pase chache sans lavi l ?**

Gen bagay ki ijan anpil pou pèp ayisyen an jounen jodi a tankou pa egzanp : jwenn manje, swen lasante, yon kote pou dòmi... Fòk nou pa konfonn sa ki ijan ak sa ki fondanatal. N ap toujou gen ijans bezwen debaz sa yo chak jou pou nou kapab viv, men èske satisfaksyon bezwen sa yo sèlman kapab fè nou viv tout bon vre oswa pèmèt nou bay sans ak lavi nou ? Èske nou pa gen lòt bezwen ki fondanatal kòm pèp, sa vle di, yon seri bagay ki pou fè nou reyèlman rete oswa vin pèp nou ye a, pèp nou vle ye a ?

Nou kapab poze kesyon an yon lòt jan : Poukisa n ap viv kòm pèp? Kisa nou pa dakò negosye kòm pèp, menm lè y ap ba nou yon bann ak yon pakèt lòt bagay, menm lè y ap ofri nou lò ak dyaman? Dèyè kisa nou kanpe tankou yon sèl moun pou nou defann ?

Nan kontèks re-konstriksyon y ap pale a, nou wè gen plizyè òganizasyon nan peyi a k ap ensiste sou nesosite pou nou « reprann destine nou »<sup>28</sup>, epi pou « tout pwojè pou sosyete a, se pèp la ki pou fè li pou tèt li », sa vle di, pou « nou genyen yon planifikasyon nasyonal natifnatal ».

Gen yon lit, yon rezistans mouvman sosyal ayisyen yo ap mennen kont tout demach ki mete pèp la sou kote (sa vle di, ki kontinye

avèk lojik esklizyon an) nan tout plan oswa pwojè rekonstriksyon gouvènman ayisyen an ak kominote entènasyonal la ta vle fè pou peyi a. Lit sa a, se pou libète nou, pou diyite nou. Nan yon moman kote mouvman sosyal yo rekonèt peyi a tou pre « yon katastrof imanité ak yon kriz sosyopolitik ki pa gen parèy », yo ensiste sou dwa granmoun pèp ayisyen an, sou respè libète pèp la. Yo ensiste tou pou èd imanité ak finansman kominote entènasyonal la ap ba nou oswa pwomèt nou pa tounen yon pretèks pou fè peyi a vin plis restavèk, fè nou pèdi diyite nou.

Sa a se yon bèl egzanp sou kijan kesyon libète a ak diyite a toujou rete yon bezwen ki fondamantal pou pèp la (omwens pou yon gwo sektè nan popilasyon an), menm lè nou ap fè fas ak anpil bezwen ki ijan (bezwen debaz ak materyèl yo). Satisfaksyon bezwen sa yo enpòtan, men defann libète nou ak diyite nou pi enpòtan pou mouvman sosyal sa yo paske se li yo mete devan kòm prensip y ap defann anvan tout lòt bagay nèt.

*Se pa paske ou ap ban m kòb, manje ak lòt bagay, ou panse ou kapab fè sa ou vle ak mwen: se mesaj sa a mouvman sosyal ayisyen yo voye bay tout peyi oswa òganizasyon/enstitisyon ki ta vle fè Ayiti vin plis restavèk, ki ta vle trete nou kòm yon pèp ki pa gen diyite.*

Chache sans lavi nou kòm pèp ayisyen, se chache *poukisa* n ap viv; se sèlman apre sa, n ap kapab chache *kijan* pou nou viv. Sans lavi nou, se li ki dirije tout repons n ap bay ak difikilte n ap fè fas nan moman ki fondamantal nan liswa nou, nan lavi nou. San yon direksyon (yon sans), nou p ap konnen ki wout pou nou fè, e tout sa n ap fè se tankou avèg n ap fè yo.

Kidonk, si nou pa bay lavi nou yon sans, n ap tounen yon pèp avèg yon gouvènman ki boy ap dirije : yon gouvènman ki gen yon sèl je k ap gade kominote entènasyonal la.<sup>29</sup> Lèt je gouvènman an fèmen, li p ap gade okenn kote : li pa wè ni pèp la, ni mouvman sosyal nan peyi a k ap mande l gade pèp la.

Nou bezwen fè Èmenetik lavi nou, pandan n ap sonje: sans lavi nou n ap chache a, se nou ki pou bay lavi nou li. Se yon sans pou nou jwenn, men se nou ki pou bay lavi nou li. Kidonk, n ap chache yon bagay n ap bay tèt nou.

## **II. Kèk poto mitan pou nou fè Èmenetik lavi nou kòm pèp**

Pandan n ap fè Emenetik priye veye a pou nou demaske tout move entansyon ki dèyè sans yo vle bay eksperyans 12 janvyè 2010 la nan kontèks re-konstriksyon peyi a, fòk nou fè jefò tou pou nou bay eksperyans sa a yon sans : yon sans pou nou, yon sans pou lavi nou, yon sans pou lavni nou. Li enposib pou nou konprann Ayiti jounen jodi a, si nou pa eseye konprann sa ki te pase **nou** jou 12 janvyè 2010 la ki make yon « anvan » ak yon « apre » nan listwa peyi a.

Tout jefò pou konprann peyi a, pou fè « pwojè » pou peyi a, pou « re-konstwi peyi a », dwe pase nan kalfou gwo vandredi sen sa a pèp la te viv la. Refleksyon nou yo dwe tounen sou dat sa a, raple l, rantre nan nannan li. Refleksyon sa yo dwe analize tou ki eksperyans nou te fè lè tranblemanntè sa a te pase, ki eksperyans pèp la te fè, peyi a te fè, nan lide pou konprann li : sa vle di, bay eksperyans « san sans » sa a yon sans.

Nou p ap janm rive konprann sa ki te pase 12 janvyè 2010 la nan

li menm menm, men nou ka eseye konprann kisa ki te pase *nou* jou sa a : eksperyans nou te fè jou sa a. Kidonk, nou kapab fè *Èmenetik* eksperyans sa a : sa vle di, nou kapab eseye konprann li, eseye ba li yon sans pou *nou*.

### **Sa sa vle di pou nou mo « sans » la ?**

Tou dabò, fòk nou di « sans » eksperyans nou te viv nan soukous latè a, se pa yon bagay nou kapab kenbe nan men nou konsa, yon bagay nou kapab domine, manipile, fè sa nou vle ak li. Pa gen okenn moun ki kapab di se li ki mèt domèn sa a, se li sèl ki gen makout konesans sa a paske li se yon gwo save, li se yon ekspè, swa paske li « wè lwen », swa li te fè yon revelasyon. Sa a se egzakteman atitud « Metafizik oksidantal » la Heidegger te toujou kritike ; atitud sa a ki « vle domine tout bagay nèt », ki konsidere tout bagay nèt (menm lanati, limanite, Bondye) se yon chòy li kapab manipile.

Se yon atitud ki awogan anpil paske li panse se li sèl ki konnen, epi se li sèl ki kapab di ou kijan pou konprann kisa. Poutan, pa gen pyès moun oswa pèp ki kapab enpoze lòt yo jan pou yo konprann sa ki rive yo, sans pou yo bay eksperyans y ap viv, eksperyans lavi yo. Chak moun, chak pèp gen eksperyans pa li, se li ki pou ba li sans li vle, sans ki pi bon pou li a.

Filozòf franse Jacques Derrida te menm ale pi lwen pou li di : « Tout ilizyon metafizik la (li menm di Heidegger te viktim ilizyon sa a tou lè li te vle chache sans `èt` la<sup>30</sup>) ta soti nan menm lide pou chache sans »<sup>31</sup>, pou bay tout bagay sans (yon sans li kapab kenbe nan men li), pou chache « sa ki pi lwen pase siy yo » ; men, malerezman li pa janm jwenn kalte sans sa a, kalte bagay sa a

« ki pi lwen pase siy yo » paske siy yo toujou « difere »<sup>32</sup>, sa vle di : lè ou vle kenbe yo, yo voye ou bay yon lòt, ki li menm voye ou bay yon lòt ankò...

Metafizik oksidantal la fè kòm si li pa konnen gen kèk eksperyans lavi a (eksperyans limit yo tankou trajedi yo, lanmò, soufrans) li p ap janm kapab rive konnen, manipile, domine. Menm lè li konsidere yo kòm siy, li p ap janm rive wè sa ki dèyè yo, li p ap janm kapab ale pi lwen pase yo pou jwenn siyifikasyon yo oswa sans yo paske tou senpman yo pa gen sans epi nou menm nou limite tou : nou gen yon kote nou kapab rive ak konesans nou, ak volonte nou.

Sèl sa nou kapab fè, se «*raple*» eksperyans sa yo, tankou jan Heidegger pwopoze l la (pa egzanp, nan kontèks pwoblèm ki genyen nan relasyon ant filozofi ak lasyans li te dekri nan liv *Introduction à la Philosophie*). «*Raple*» vle di repase, repete, reviv, retounen nan kè nou pou nou kapab wè kibò eksperyans sa a vle nou ale, ki direksyon li vle nou pran, ki atitid pou nou pran fas ak li. «*Raple* » eksperyans la vle di rele li, fè li tounen, kase yon randevou ak li, rankontre li, dyaloge ak li.

Se konsa tou nou pale la a sou « sans » eksperyans la, ki vle di pou nou: rankont ak li, ki se yon rankont ak tèt nou ladan l; se fè li tounen yon glas pou nou gade tèt nou ladann, pou nou wè kiyès nou ye, epi konsa dekouvri ki direksyon pou nou bay tèt nou, ki chimen pou nou swiv kòm peyi, ki wout pou nou pran kòm pèp. Se sèlman konsa nou kapab pale sou *sans* eksperyans soukous latè 12 janvyè a : yon eksperyans san sans, yon eksperyans lanmò. Yon sans ki poutan ap ede nou viv, ki ap ede nou viv tout bon vre, ki ap ede nou rann lavi nou miyò.

Se nan sans sa a, youn nan definisyon filozòf grèk yo te bay filozofi a se “yon preparasyon pou lanmò”. Filozòf la p ap kapab konprann lanmò, sèl sa li ap kapab fè se aprann kijan pou li mouri, sa vle di, kijan pou li byen viv anvan lanmò an pase pran l (dyalektik ant lanmò ak lavi). Filozòf la ap tèlman byen viv, li p ap gen pwoblèm ak lanmò a: li p ap gen laperèz lanmò, okontrè li ap rete tann lanmò a san pwoblèm paske li te prepare tèt li pou sa, li te fè tout sa li te gen pou li te fè nan lavi l.

“Prepare ou pou mouri”, se prepare ou pou viv tout bon vre, youn jan pou lanmò an pa fè ou pè; se tèlman byen viv (bay lavi ou yon sans), fè tout sa ou te gen pou fè nan lavi a, youn jan pou pa regrèt anyen lè ou mouri.

Konsepsyon sa a sanble ak yon konsepsyon Ayisyen genyen : nou di lè lapli tonbe nan yon antèman se paske mò a regrèt lanmò li, sa vle di, li pa vle ale paske li gen kèk bagay nan lavi l li pa te gen tan fè.

Toulède konsepsyon lavi sa yo dyalektik : viv lavi ou, se fè tout sa ou gen pou fè (pa kite laperèz lanmò an bloke ou, ale pi lwen pase laperèz sa a, *depase l*) ; se pa pè lanmò, pa okipe l, fè kòm si li pa te egziste (*nye l*), men pandan ou konnen li la e nan nenpòt ki moman li kapab pase (se pa bliye l, *kenbe l prezan*).

### **Kiyès ki kapab bay sans sa a ?**

Pa gen pyès moun, pyès pèp, pyès òganizasyon ki kapab fè travay sa a pou nou. Se nou sèl kòm pèp ki kapab fè sa pou tèt nou : se nou ki pou aksepte gade tèt nou nan glas 12 janvyè a, wè ki kote nou kanpe jounen jodi a, epi deside ki kote nou vle ale.

Pa gen pyès moun (filozòf, sosyològ, ekonomis, pè, gangan, manbo, sikològ...), pyès gwoup sosyal (« boujwa », « pòv », « klas mwayèn »), politik (pati, regwoupman, asosyasyon politik) oswa estrikti nan peyi a (« gouvènman », « Leta », « sosyete sivil »...) ki kapab fè sa poukont li : se tout Ayisyen nèt ki konvoke nan randevou sa a, nan rankont sa a ak eksperyans nou te fè nan soukous latè 12 janvyè 2010 la. Yon randevou kote pou nou dialoge ant nou, pou nou jwenn yon konsansis sou ki pwojè nou vle pou tèt nou, pou peyi nou. Yon konsansis sou ki sans nou vle bay lavi nou ! Se sèlman nan moman sa a nou kapab pale sou *Èmenetik lavi nou kòm pèp*.

Kidonk, *Èmenetik lavi* a se yon pwojè li ye : se fè pou nou fè li. Se pa yon egzèsis entèlèktyèl sèlman li ye, menm si l ap rive bay yon konesans fondamantal, ki se yon konesans sou tèt nou (konnen kisa nou ye, kisa nou vle ye), men se yon aksyon li ye : nou kapab di li se yon *praksis*, sa vle di, yon aksyon ki panse epi yon panse ki ap ajè. Se premye aksyon l ap ye nan pwojè lavi sa a paske li se fondman tout lòt aksyon nèt nou pral fè yo.

Nou p ap janm kapab rive fè aksyon pou re-konstwi peyi nou an, si nou pa fè premye aksyon sa a ki se chita ansanm pou nou gade tèt nou nan glas 12 janvyè 2010 la (ak lòt gwo evènman ki ka rive nou yon jan ki make nou fò anpil), yon jan pou nou wè ki kote nou ye e ki kote nou vle ale. Se sèlman lè nou fin dekouvri tèt nou, konnen kisa nou ye (kisa nou vle ye), n ap kapab dekouvri sans pou nou bay tout aksyon nou kòm pèp (ki ap gen objektif pou fè nou reyalize sa nou vle ye a). Nou bezwen premye sans sa a sou lavi nou kòm fondman, kòm platfòm, kòm direksyon pou nou kapab bay tout lòt aksyon (sosyal, politik, ekonomik, kiltirèl,



sikolojik, kominikasyonèl...) nou yo yon sans. Re-konstriksyon an se sèlman yon aspè nan tout aksyon sa yo n ap gen pou fè pou nou reyalize sa nou vle ye a : pwojè nou kòm pèp, pwojè pou la-kay nou.

### **Dyalòg tout bon vre se sèl chimen pou nou konstwi Emenetik lavi nou**

Se sèlman nan dyalòg, men nan yon dyalòg tout bon vre, n ap jwenn sans sa a, ki se yon verite<sup>33</sup> sou nou menm (sou sa nou ye, sa nou vle ye), ki li menm ap pèmèt nou jwenn pi bon wout pou nou fè kòm pèp. Men, li pa dwe yon fo dyalòg, ki ap fèt ant gwo zotobre ak save sèlman, aletranje, kote yon gwoup moun oswa peyi oswa òganizasyon ap enpoze enterè yo, vizyon yo, volonte yo. La a pa gen dyalòg, se yon pòsyon k ap bay lòd, epi yon lòt posyon ap obeyi.

Dyalòg nou ap pale a, se yon dyalòg ki pou fèt ant tout pèp ayisyen an. Yon dyalòg sou nou menm, sou ki sans eksperyans 12 janvyè a genyen pou nou, sou ki leson nou aprann de li sou idantite nou kòm pèp, sou ki direksyon pou nou pran kòm pèp, sou kijan pou nou konstwi peyi nou. Malerezman, se jouk an dènye yo toujou envite nou pale sou peyi nou, sou lavni nou. Pafwa yo pa menm envite nou menm. Nou se sèlman objè dyalòg la ; pafwa nou pa menm rive sa menm ! Yo senpman konsidere trajedi n ap viv la kòm yon okazyon pou lanse gwo pwojè sou do pèp la, pou chache gwo finansman pou peyi a (ou pa fin konnen si se finansman pou peyi pa yo oswa pou peyi nou an). Yo pa konsidere nou kòm sijè, kòm “entèlokite”, kòm “patnè” nan fo dyalòg sa yo.

Dyalòg n ap pale a, se yon dyalòg ki dwe fèt ant pèp la, pou pèp

la, nan lang pèp la, sou zafè pèp la : sou idantite li, sou lavi li, sou lavni li. Se pèp la ki pou fè l, se pa moun ki pou fè l pou li, nan plas li. Dyalòg tout bon vre sa a dwe mennen pèp la nan yon gwo konsansis sou ki kote nou vle ale kòm pèp, ki kote nou vle mennen bak peyi a: yon konsansis sou ki sans nou vle bay eksperyans peyi a te viv nan gwo evennman sa a. Li dwe pèmèt nou reflechi sou kesyon sa yo : Èske eksperyans 12 janvye 2010 la, se yon eksperyans nou vle kite la, bliye, jete nan poubèl ? Èske nou vle toujou rete kokobe anba li? Èske nou pito vle tire enèji ladan li pou oryante tèt nou, pou jwenn fòs ak kouray pou nou re-konstri peyi a kòm sadwa nan memwa tout viktim nou yo ki te mouri yo ? Èske nou vle pou li plis makònen nou kòm ayisyen, pou li fè nou santi nou tout se yon sèl epi fòk nou fè yon sèl pou nou panse yon pwojè pou bati peyi nou an ?...

Kidonk, kesyon fondamantal ki dèyè sans nou vle bay eksperyans 12 janvye a, se : *Ki kalte lavi nou vle viv ?* Se nan dènye pwen sa a tout kesyon sou sans 12 janvye 2010 la ap mennen nou. Se pa yon kesyon entèlèktyèl li ye, men se yon kesyon lavi a menm poze nou kòm pèp jounen jodi a. E se kòm pèp n ap gen pou nou reponn. Se nan dyalòg ak nan konsansis tout bon vre n ap kapab jwenn sans lavi a, sa vle di, fè Èmenetik lavi a. Se pa yon sans yo kapab enpoze nou, men se nou ki pou bay li, ki pou konstwi li.

### **Yon lavi ki makònen ak laverite, ak libète**

Lè nou rive jwenn konsansis tout bon vre sa a sou ki sans nou vle bay eksperyans 12 janvye 2010 la, se lè sa a n ap kapab chanje lavi nou, viv tout bon vre. Habermas te di : « Lide verite a, nou kapab mezire ak lòn konsansis tout bon vre a, enplike lide lavi tout

bon vre a ».<sup>34</sup> Bò kote pa li, Gadamer te di : « Antant la (konsansis la), se yon pwosesis ki vivan kote yon kominote ki gen moun k ap viv ladann ap eksprime tèt li. »<sup>35</sup>

Toulède pansè sa yo vle fè konprann sa: lavi tout bon vre a, laverite (sou nou menm) ki bay bonjan libète ak lavi, libète ki bay lavi epi ki mennen nou nan laverite a, se sèlman nan dyalòg, nan konsansis, nan antant tout bon vre li kapab soti.

Nan ka pa nou, dyalòg sa a, konsansis sa a, fòk li pa janm pèdi ni « objè » li ki se eksperyans nou te viv nan soukous latè 12 janvyè 2010 la, ni « objektif » li non plis ki se bay eksperyans « san sans » sa a yon sans, sa vle di: defini kisa nou vle fè ak li, ki direksyon nou vle bay tèt nou kòm pèp, nan ki wout nou vle ale kòm peyi, apre gwo evennman sa a ki pote ale anpil frè ak sè nou yo, epi ki kite gwo sikatris sou nou.

### **III. Se nan lavi a tout Èmenetik soti, e se ladann yo dwe tounen**

Nan yon liv Husserl ekri<sup>36</sup>, li fè yon dyagnostik sou poukisa syans ewopeyèn yo an kriz nan tan pa li a (nan kòmansman ventyèm syèk la). Youn nan pi gwo rezon filozòf alman an te soutni, se paske syans sa yo pèdi *sans* yo, sa vle di, yo pa konnen ki kote yo sòti epi ki kote yo dwe ale. Se moun ki fè yo, men yo pa oryante yo pou yo bay lavi moun yon sans, ki se pi gwo preyokipasyon moun genyen: syans sa yo bliye “mond lavi a” (nan lang alman, *Lebenswelt*), dapre lojik Husserl. Nou kapab di se menm sitiyasyon sa a ki pase ak anpil disiplin syantifik oswa filozofik tankou Èmenetik. Pa egzanp, nan istwa oksidantal la yo te itilize Èmenetik nan yon premye moman pou li chache sans tèks yo, kèlkilanswa labib, lalwa oswa zèv literè.

Se sa ki fè yo te pale sou 3 branch Èmenetik la: biblik, teyolojik ak literè (oswa filolojik). Pi pwòch nou, yo te pale sou Èmenetik la kòm metodoloji (ki chita sou konprann *-verstehen*, nan lang alman-) syans lespri yo oswa syans istorik yo, syans zimèn yo. Heidegger, Gadamer ak lòt filozòf leve Èmenetik la pou mete li nan ran « filozofik ».

Men, istwa oksidantal la toujou bliye Èmenetik la soti nan lavi a, se yon teknik ki te la pou konprann eksperyans lavi a (yon *technè*, selon ansyen Grèk yo); kidonk, se nan lavi a pou li tounen, sa vle di, menm lè li monte anpil (rive jouk nan dimansyon filozofik-inivèsèl), fòk li tounen kote li sòti a : nan eksperyans lavi a (ki konkrè, epi ki toujou ap poze nou kesyon).

Nou te montre ak plis detay nan 2 tèks nou te ekri kouman istwa oksidantal la te redwi « Èmenetik » la. Nou te esplike kouman nan kontèks relijye-mitolojik Lagrès la, moun ki te konn fè Èmenetik la (èmenet la) te gen devwa pou li transmèt bay pèp la volonte bondye yo ki te rete nan Olenp la. Jeneralman, bondye sa yo te konn kominike bay pèp la -atravè èmenet la- sans evennman ki te pase yo oswa ki pral pase yo. Èmenet la, se te yon tradiktè, yon entèprèt (nou te kapab menm di yon pwofèt): li se te yon pon ki makònen mond lèzòm yo ak mond bondye yo.

Powèt Omè te rakonte bondye Grèk yo te idantifye ak travay èmenetik la, li te rele Emès. Bondye grèk sa a te jwe yon wòl fondamantal nan lavi Grèk yo; pa egzanp, li te envante plizyè bagay tankou: “astronomi, matematik, pwa ak mezi, se poutèt sa yo konsidere se te bondye kòmesan yo li te ye; li se te yon bondye ki bay lajenès, lasante, fòs fizik, fè moun kapab fè pitit... »<sup>37</sup>

Èmenetik la te koumanse pran gwo pataswèl anba men filozòf tankou Platon, Aristòt epi lòt rasyonalis grèk yo. Pa egzanp, Èmenetik la te vin pa konsidere ankò tankou yon « *technè* », sa vle di, yon pratik lavi, yon eksperyans lavi (kote bondye yo ap bay lavi pèp grèk la sans toutan, sitou nan moman difisil yo), men pito yon aktivite ki makònen ak mitoloji (Platon), ak lojik pwopozisyon yo (Aristòt), ak entèpretasyon alegorik tèks yo (Filon), ak lòt branch konesans sou moun (Chaledenius), ak metodoloji syans zimèn yo (Dilthey), ak disiplin filozofik (Heidegger ak Gadamer)....

Nan lojik pa nou, lavi a ap poze nou kesyon toutan: l ap mande nou pou ba li sans, menm nan eksperyans « san sans » yo. Tout lè fwa gen yon kesyon sou bay sans ki poze, Èmenetik la reponn prezan. Men, repons li a pa dwe rete anlè, men li dwe tounen sou nannan eksperyans la pou li rankontre li, epi pou pèmèt moun/pèp ki ap chache bay eksperyans lavi l yon sans rantre nan yon dyalòg ak tèt li oswa ant yo menm menm, yon jan pou li gade tèt li nan glas eksperyans la epi jwenn sans lavi li, sa vle di, direksyon lavi l.

Tout Èmenetik, se èmenetik yon eskperyans lavi, yon èmenetik sou tèt nou, yon èmenetik lavi nou, yon èmenetik sou sans lavi nou. Tout Èmenetik soti nan lavi, epi dwe tounen nan lavi a. Sinon, li ap pèdi sans li, li p ap kapab itil nou anyen. L ap pèdi aspè pragmatik li, nannan li, sa vle di, vokasyon li genyen pou li ede nou konprann eksperyans lavi a, konprann tèt nou, konprann lavi nou.

Fòk nou di Heidegger te gen yon bon entwizyon lè li te fè Èmenetik sou egzistans moun tounen kote filozofi an dwe pati. Men, kote

li di pou filozofi a tounen, se pa egzistans moun, men pito se sans « èt » la, sa vle di: ontoloji a.

Gen lòt filozòf tankou Dilthey ak Husserl ki te konsyan filozofi oswa lasyans dwe makònen ak lavi a. Men, ni youn ni lòt, ki pati ak konsepsyon sa a, pa te rete fidèl ak li : yo toulède te senpman itilize konsèp « lavi » a kòm fondman pou pwojè filozofik yo (*fenomenoloji* a nan ka pa Husserl, *epistemoloji syans zimèn* nan ka pa Dilthey), men apre yo te bliye konsèp lavi a. Lavi a te vin tounen yon senp *mwayen* pou yo reyalize pwojè yo, men li pa te yon *fen nan li menm* (si nou ta vle itilize menm konsèp yo Kant te defini nan youn nan maksim moral li yo).

Rapèl eksperyans soukous latè 12 janvyè 2010 la kapab non sèlman fè nou kase randevou ak eksperyans sa a pou nou kapab rankontre li, yon jan pou nou reprann fòs nou, libere tèt nou (dimansyon *terapetik*), epi bay eksperyans sa a yon sans (dimansyon *èmenetik*); men, li kapab tou ede nou redefini kèk konsèp filozofik fondamantal tankou « sans », « eksperyans », « èmenetik », redefini sans « Emenetik la » ak « lavi » a, ki se orijin ak desten tout lòt kalte konesans oswa aksyon moun ap fè (dimansyon *konseptyèl-filozofik*).

« Lè ou pèdi tout bagay nèt, se sèlman diyite ou ki rete pou kenbe »,  
Naradom Sihanuk. 38

## **SENKYÈM PATI : YON ÈMENETIK « LIBÈTE AK DIYITE »**

### **I. Sans libète pèp la**

Nan chache sans lavi nou kòm pèp jounen jodi a, nou te vin wè lavi tout bon vre a mache ak libète: yon lavi kote nou granmoun tèt nou, kote nou kapab fè sa nou vle ak tèt nou ; yon lavi kote nou kapab chwazi pou nou ye sa nou vle ye a, sa nou deside ye a.

Si nou gade listwa nou, nou kapab di 1804 se dat lendepandans nou, sa vle di, se lè sa a nou vin granmoun tèt nou : nou te leve kanpe pou di « non » ak lesklavay. Nou te leve kanpe pou nou « nye » tout fòm kolonizasyon, lokipasyon, lesklavay. Men, sa a se yon premye dimansyon nan libète a : dimansyon lendepandans la kote nou nye tout kalte depandans. Kèk lotè rele lendepandans la « dimansyon negatif » libète a, paske se nye sèlman li nye tout kalte depandans, men li poko poze anyen (li poko pozitif). Kidonk, li poko reponn ak kesyon sa a: Lendepandans, poukisa ?

Dimansyon pozitif libète a (ki se nannan libète a), se lè ou poze yon bagay ou vle: nan ka libète a, pi gwo bagay ou kapab poze se tèt ou, volonte ou, sa ou vle pou tèt ou, sa ou vle ye a. Se sa filozòf alman Kant rele otonomi volonte a (nan *Fondements de la métaphysique des mœurs*), ki se nannan libète a. Pou gen libète, fòk se sèlman volonte ou (anyen ni pèsonn) ki pou detèmine tèt li.

Nan sans sa a, nou kapab mande tèt nou: Depi 1804 jouk jounen jodi a, kisa nou vle kòm pèp, anplis vle granmoun tèt nou? Èske nou ko atenn tout bon vre dimansyon pozitif libète a?

Prèske tout Ayisyen rekonèt apre 7 fevriye 1986 (menm lè gen kèk

moun ki koumanse regrèt nou te voye ale rejim diktati Divalye a ki te dire 29 lane, soti 1957 pou rive 1986), pèp ayisyen an te montre aklè sa li te vle, pwojè li te vle pou tèt li, pou peyi l : pwojè sa a te ekri nwa sou blan nan Konstitisyon 1987 la. Men, se menm Konstitisyon sa a Prezidans la te monte yon komisyon pou revize, paske prezidan an, René Garcia Préval, te di « li se yon sous enstabilite ». Enstabilite, pou pouvwa kiyès ?, nou kab mande tèt nou.

Jounen jodi a, gen yon bezwen ki ijan pou pèp la di kisa li vle kòm pwojè. Rekonstriksyon an se yon aspè nan pwojè sa a. Pa egzanp, fòk nou di kisa nou vle fè ak Konstitisyon 1987 la. Nou devan nesite pou n lite non sèlman pou rekipere lendepandans nou, men pou n jwenn libète nou (reyalize sa nou vle ye a). Kidonk, n ap gen pou n lite pou nou vin granmoun tèt nou total kapital, pou nou kapab reyalize sa nou vle ye a, pwojè nou kòm pèp.

### **« Nou malere, men nou pa pòv »**

Nan kontèks n ap viv jounen jodi a, apre gwo soukous latè 12 janvye 2010 la kote nou pèdi ti sa nou te rete a (pa egzanp, pi gwo senbòl yo peyi a te genyen), èske nou kapab pale de « lendepandans », de « libète » ?

Si anvan 12 janvye a nou te « pòv » anpil, selon jan prèske tout moun defini nou nan mond la ; kidonk, apre trajedi sa a, nou « vin pi pòv » toujou, selon menm lojik sa a. Nan sans sa a, èske nou rete diyite ankò?

Nan yon premye moman, nou kapab di vizyon sa a ki defini nou kòm « pòv », li pa koresponn toutafè ak vizyon nou menm nou genyen sou tèt nou. Tankou jan yon pwovèb lakay nou di, « nou ma-



lere, men nou pa pòv». Poukisa anpil Ayisyen pa vle defini tèt yo kòm pòv? Se egzakteman paske yo konsidere pòv la se yon moun k ap tann yo fè tout bagay pou li, epi ki blije aksepte tout sa yo fè l, tout sa yo di l, paske se fè y ap fè pou li. Kidonk, li pa gen chwa, li depanndan totalman: li pa kapab pran okenn desizyon sou tèt li, li vin pa gen pèsonalite, libète ak diyite.

Poutan, yon pil ak yon pakèt etid enstitisyon finansye yo, sant rechèch ak lòt òganis nasyonal kou entènasyonal yo fè sou povrete nan peyi d Ayiti pa janm bouke bay peyi sa a etikèt “pòv” la. Yo fè etid sa yo ak tout kalte endikatè (endikatè pwodiksyon ak revni, endikatè monetè, endikatè devlopman moun), nan tout nivo analiz (mikwo-ekonomik, makwo-ekonomik), sou divès aspè (monetè ak non monetè), ak tout kalte metodoloji (kantitatif ak kalitatif)... Etid sa yo ta vin jistifye tout etikèt sa yo ki kole sou do Ayiti nan nivo entènasyonal.

« Depi prèske yon syèk, Ayiti se peyi ki pi pòv nan kontinan Amerik la », dapre yon dokiman CEPAL (Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin) te pibliye nan lane 2005 ki rele « *La pauvreté en Haïti : situation, causes et politiques de sortie* ».

Ayiti se youn nan peyi ki pi soudevelope nan mond la, li « klase nan 153zyèm plas sou 177 peyi » (PNUD, 2005).

« 55% nan popilasyon Ayiti a ap viv ak mwens pase yon dola meriken chak jou, alòske 76% ap viv ak mwens pase 2 dola meriken chak jou » (MEF-PNUD-FAFO, 2003).

Nou te kapab bay plis egzanp sou diskou yo ki defini nou kòm pòv, kòm pèp ki pi pòv nan kontinan Amerik la, kòm youn nan pèp ki pi pòv nan mond la. Apre gwo trajedi 12 janvyè 2010 la, ki sa y ap di menm kounye a sou nou, sou “povrete” nou? Èske nou blije dakò ak etikèt sa yo?

Yon bagay se aksepte reyalite nou (pa egzanp, sitiyasyon lamizè ki frape majorite popilasyon an) ; yon lòt bagay ki toutafè diferan, se aksepte diskou y ap fè sou sa nou ye, etikèt y ap ba nou, makfabrik y ap mete sou nou.

**« Nou pa pòv, se fè yo fè nou vin tankou pòv »**

Nan diskou sa yo moun/òganizasyon/Leta yo ap fè sou moun oswa peyi yo konsidere ki « pòv » yo, yo pran pitye pou yo; yo menm eseye fè aksyon konkrè pou soulaje *lamizè* « pòv sa yo ». Diskou sa yo fè pati yon « imanitaris » tou nèt y ap preche nan mond la, kote menm gwo nasyon ki pi rich yo (pa egzanp, G7 la ki reyini 7 peyi ki pi rich yo sou planèt la) ansanm ak gwo enstitisyon finansye yo (Fon Monetè Entènasyonal, Bank Mondyal, pa egzanp) vle ede peyi pòv yo konbat lamizè.

Men, èske diskou sa yo, aksyon sa yo kapab pèmèt moun ak peyi yo rele pòv yo transfòme reyalite povrete a, koupe fache ak sitiyasyon lamizè a?

Non, sèl objektif « imanitaris » sa a se redui povrete a lakay « pòv » yo, sa vle di, « ba yo yon minimòm pou yo kapab viv », pou yo pa mouri ; yo vle kenbe yo omwens nan yon nivo lavi ki minimòm. Men, « yo pa kapab (oswa yo pa vle) kesyone si sistèm ki koze sitiyasyon povrete a jis oswa enjis». 39

Kidonk, diskou sa yo poze pwoblèm povrete a tankou yon kondisyon natirèl pòv la (moun nan oswa peyi an) genyen, men yo pa wè li tankou konsekans yon sistèm (sosyal, ekonomik, politik, kiltirèl...) ki pwodui l, epi k ap repwodui l. Pou yo menm, se kòm si pòv la te fèt tou pòv: li pòv paske se konsa menm li ye, depi li te fèt (nan ka yon peyi, depi li pran lendepandans li). Sèl sa nou kapab fè pou pòv la, se diminye soufrans li.

Diskou sa yo tonbe dirèk dirèk nan « *asistana* » ki se youn nan fason, jan Castel di l la<sup>40</sup>, sosyete yo eseye rezoud pwoblèm sa a kote kèk moun oswa kèk gwoup « ap flote nan estrikti sosyal la san yo pa janm jwenn plas yo ladann ». Sosyològ la defini plizyè fòm istorik asistana a te pran: soti nan sosyete tradisyonèl yo (pa egzanp, lè moun yo te konn bay asistans yo, se te vèv yo ak òfelen yo) pase nan sosyete mwayennaj yo pou rive nan fòm ki pi espesyalize, konplèks, teknik tankou jounen jodi a. Krisyanis la te jwe tou yon wòl ki kle nan pratik asistansyalis la, pa egzanp nan epòk mwayennaj la kote li te vini mete tèm ak deba sou povrete a sou tab la. Yo pral pale chak fwa pi plis sou zèv charite yo.

Li enpòtan pou nou fè remake youn nan teyolojiyen liberasyon yo, José María Vigil, makònen opsyon pou pòv yo -ki se youn nan tèm fondalnatal teyoloji liberasyon an- ak jistis: “Nan yon sans teyolojik-sistematik ki pi pwofon, opsyon pou pòv yo se opsyon pou jistis, epi mo ki te kapab pi byen di makfabrik teyolojik li se ‘opsyon pou sila yo ki viktim lenjistis’ ”<sup>41</sup>. Lotè a fè yon diferans ant opsyon pou pòv yo (ki pa yon kesyon preferans) ki se yon kesyon jistis, epi ki chita sou opsyon Bondye menm fè pou jistis, ak “opsyon preferansyèl pou pòv yo” ki se yon kesyon charite (yon zèv charite pou “pòv malere yo”), epi ki chita sou bon kè Bondye<sup>42</sup>. Nan opsyon pou pòv yo, Bondye pran paspouki pou sila yo ki viktim lenjistis yo, epi li kont sila yo ki koze lenjistis la: Bondye fè opsyon pou jistis, kont listisjis (kont lotè li yo, kont sistèm ki pwodui l ak repwodui l).

Lotè a rapousib pou li di “opsyon pou pòv yo wè povrete a tankou yon lenjistis pou nou dechouke avèk yon lanmou politik epi k ap transfòme (sistèm lenjistis la ki koze povrete a) avèk yon praksis sosyal, li se yon zak pou bay jistis. Opsyon preferansyèl pou pòv yo menm, bò kote pa li, wè povrete a tankou yon bagay ki fè nou pran pitye, li se yon bagay pou nou soulaje avèk zak bon kè, avèk asistansyalis.”<sup>43</sup>

Tout aksyon yo, tout politik yo ki vle lite kont povrete, apati yon lojik asistansyalis, pa gen objektif pou dechouke povrete a; kòm rezilta, y ap senpman kapab (e menm la a ankò!) kenbe moun oswa pèp yo rele “pòv” yo nan yon sitiyasyon kote yo kapab jwenn minimòm pou yo viv, men yo p ap janm kapab retire yo nan sitiyasyon an. Tout aksyon ki vle dechouke povrete a dwe touche kesyon jistis la, demaske sistèm ak estrikti k ap pwodui/koze povrete a, ansanm ak aktè yo -andedan kou deyò peyi a- k ap repwodui l. Aksyon sa yo ap blije ou pran pozisyon bò kote sila yo ki viktim lenjistis la, ki alabaz povrete a, epi kont sila yo ki ap pwodui oswa repwodui lenjistis la.

Se nan sans sa a, kèk Ayisyen di : « Nou pa pòv, men se fè yo fè nou vin tankou pòv. » « Yo » sa a fè referans ak « ansyen » mèt yo (kolonizatè a, okipan an), ak nouvo mèt yo (nouvo kolonizatè yo), ansanm ak kèk konplis nan mitan menm nou menm. Si nou vle lite kont povrete a, fòk nou fè aksyon kont sistèm yo, estiktri yo, aktè yo k ap fè nou vin tankou pòv poutèt pou yo kapab vin rich oswa vin pi rich yo menm. Si nou vle kaba ak povrete, fòk nou kaba ak sistèm k ap pwodui povrete a paske l ap pwodui richès. Se yon vizyon ki dyalektik: gen povrete paske gen richès, gen richès paske gen povrete. Menm estrikti ki kreye povrete a, se li ki kreye richès la; menm sistèm ki kreye richès la, se li ki kreye povrete a.

### **Sans diyite pèp la**

Nou te wè menm lè “yo” mete nou ajenou, menm lè soukous latè a vin mete abse sou klou, pèp ayisyen an montre li rete atache ak diyite l. Nou te kapab di, menm jan ak Narodom Sahanik, se sèlman diyite l ki rete pou l kenbe, paske li pèdi tout bagay nèt. Diyite a, se pa lajan, etid, gwo tit, ran sosyal, koulè po, fanmi kote ou soti a, ki ba ou l. Ou genyen l paske ou se yon moun tankou tout moun, paske ou se yon pèp tankou tout pèp. Sa a se youn nan revolisyon mouvman Dwa Moun nan pote pou limanite a: rekonèt tout moun nèt gen valè, gen diyite, gen dwa fondalnatal

paske yo se moun. Fòk nou di se yon revolisyon peyi nou Ayiti te jwe yon wòl ki enpòtan ladann paske nou se premye peyi ki te leve kanpe kont sistèm lesklavay la nan mond la. Gen kèk pansè tankou irigweyen Edouardo Galeano ki ekri nan yon atik «*La Historia de Haití es también la del racismo en la civilización occidental*» : « Nan lane 1803 nèg Ayiti yo byen kale twoup Napoléon Bonaparte yo, e Ewòp la pa janm padone gwo imilyasyon sa a ras blanch la te resevwa. » (**Referans: [www.adital.org.br](http://www.adital.org.br), 25 janvye 2010**)

Kidonk, gras ak revolisyon sa a, jounen jodi a nou pa bezwen re-peye anpil lajan ankò pou yo rekonèt nou gen diyite; sèl sa nou gen pou n fè se pran konsyans nou genyen diyite, sa vle di, pou nou dekouvri valè nou genyen kòm moun, kòm pèp (paske nou se moun, nou se pèp), menm lè lòt moun, lòt pèp ta vle kontinye nye nou li oswa yo « pa ta vle rekonèt nou ». Fòk nou bay tèt nou valè nou genyen kòm pèp, menm lè n ap souffri nan listwa nou. Se sèlman si nou rekonèt nou se yon pèp ki granmoun tèt nou, ki gen valè tankou lòt yo, se sèlman konsa n ap kapab blije lòt yo rekonèt diyite nou, libète nou. Se yon vire an won : sa nou ye a (yon pèp ki diy, ki lib), fòk nou pran konsyans nou se sa, se sèlman konsa n ap blije lòt yo rekonèt nou se sa. Diyite a pa depann de sa nou genyen, men de sa nou ye, de sa nou vle ye. Se pa lòt yo ki pou di nou kisa nou ye, men se nou ki pou di kisa nou ye, kisa nou vle ye.

Pansè yo ki te nan Lekòl Frankfurt yo, pa egzanp Erick Fromm nan dènye liv li ekri a44 kritike anpil konsepsyon sosyete oksidantal yo ki kwè depi yon moun pa genyen kichòy, se kòm si li pa te anyen. Dapre lotè a, sosyete sa yo plis bay valè ak sa ou genyen pase sa ou ye: yo monte lavi yo sou sa yo genyen, men yo bliye menm lè li nesesè pou gen kèk bagay pou kapab viv, men sa ou genyen yo (menm lè yo ta anpil) p ap janm kapab bay lavi ou yon sans. Pansè alman an rekòmande pou n kreye yon sosyete tou nèf

ki soti nan lojik « genyen » an pou pase nan lojik « èt » la, ki se pèspektiv nou vle adopte la a nan refleksyon sa a sou sans lavi pèp ayisyen an.

Èske nou blije aksepte diskou sa yo sosyete oksidantal yo ap fè sou nou yo, diskou ki pretann di sa nou ye apati sa nou genyen (oswa sa nou pa genyen) ? Non, sa nou ye a, se pa apati sa nou genyen oswa apati sa lòt yo di nou ye a pou nou defini l, men se apati sa nou vle ye a, sa nou decide ye a. Eksperyans 12 janvyè 2010 la fè nou wè nou pa rete anyen ankò ; men tou, li fè nou wè nou pa anyen. Lè n t ap gade kijan y ap retire kadav moun anba dekonb yo, kijan kadav moun t ap bay movè zodè anba dekonb yo, lè nou t ap gade kijan yo t ap jete kadav moun nan fòs komen yo tankou fatra, nou te rann nou kont « *nou pa anyen* ». Apre eksperyans sa a, si yo ta mande nou : *kisa nou ye ?* Nou t ap reponn : *Anyen*. (dyalektik ant « être » ak « rien », se premye dyalektik Hegel devlope nan liv *Science de la logique*<sup>45</sup>)

« Nou pa anyen », sa pa vle di yo kapab fè sa yo vle avèk nou. Sa vle di: apre eksperyans sa a, nou soti tèlman lwen (nan dènye pwen nou rele « anyen » an) nou dwe fè mouvman nan lòt sans la, mouvman pou nou vin « ye » ; men, sa pou nou vin ye a, se nou ki pou defini li. Sa nou te ye anvan an, nou vin wè li pa anyen ankò. Kounye a, fòk nou re-defini tèt nou (« èt » nou) pou nou kapab *vin sa nou vle ye a* (nan lang franse, « devenir » ki se rezilta mouvman alevini nan dyalektik hegelyèn ant « être » et « rien »).

Rive nan rezilta dyalektik sa a, sa vle di, *vin sa nou vle ye a*, se rezilta yon aksyon istorik. Fè yon aksyon istorik, se envante yon bagay tou nèf, nan ka pa nou, se envante yon peyi tou nèf : se vin tounen Ayisyen tou nèf, re-envante tèt nou (vin genyen yon lòt « èt » tou nèf, apati de « anyen » kote eksperyans 12 janvyè 2010 lage nou an). Dapre Hanna Arendt, kapasite sa a pou reyalize yon

kòmansman tou nèf, « mirak » sa a rele libète<sup>46</sup>. Listwa makònen ak libète, menm jan libète makònen ak listwa.

Men, libète makònen ak diyite tou. Pa egzanp, pou nou kapab re-  
envante tèt nou, kòmanse yon sosyete tou nèf (poze libète nou),  
gen omwens 3 kondisyon ki pou reyini, tout kondisyon sa yo ma-  
kònen ak kesyon diyite a (sa vle di, bay tèt nou valè nou genyen  
kòm moun, kòm pèp) :

- a) Genyen konfyans nan tèt nou kòm pèp ki gen valè,
- b) Pran konsyans nou gen kapasite pou re-envante peyi nou,  
nou gen kapasite pou nou fè listwa nou, menm lè yo di se  
« pòv » nou ye, se « analfabèt » nou ye, se « sovaj nou ye »,  
« nou p ap janm kapab fè anyen ki bon », « nou p ap janm  
devlope », « nou pa kapab gouvène tèt nou », « nou pa kapab  
fè demokrasi »...
- c) Genyen anbisyon, ideyal, kreyativite, odas pou nou di kisa  
nou vle pou tèt nou, pou peyi nou, epi pou nou aji (san la-  
perèz) pou nou reyalize sa nou vle a : sa vle di, fè listwa  
nou, vin sijè ak aktè listwa nou, re-envante tèt nou, kòman-  
se yon peyi tou nèf.

Listwa nou pa dèyè nou, li devan nou jodi a. Listwa nou, se pa  
sèlman sa ki te fèt nan revolisyon 1804 la ki te ba nou lendepan-  
dans detan li te kontribye nan revolisyon inivèsèl Dwa Moun nan;  
men, se sa nou gen pou n fè jounen jodi a pou nou re-envante  
peyi nou, re-envante tèt nou, reyalize pwojè nou genyen kòm pèp.  
Listwa nou, se pa moun ki pou fè l pou nou non plis: se pa sa gwo  
pisans yo ap deside sou nou nan Nasyon Zini, se pa sa òganiza-  
syon entènasyonal yo oswa lòt peyi ap deside sou nou, menm lè  
yo di se bon zanmi nou yo ye. Listwa nou, se angajman nou ge-  
nyen kòm pèp fas ak tèt nou, se rezilta aksyon nou, libète nou. Fè  
listwa nou, se mennen lit kont yon sistèm politik, ekonomik, so-  
syal onivo nasyonal, ak yon sistèm onivo entènasyonal ki chaje ak

lenjistis ladann ki, li menm, ap pwodui lamizè, povrete, lanmò nan peyi nou. Fè listwa nou, se goumen kont kèk gwoup moun, kèk atitid, kèk konpòtman, kèk chema kiltirèl ak mantal ki lakay nou k ap ranfòse oswa repwodui sistèm ak estrikti enjis sa yo.

Fè listwa nou, se lite pou yon sosyete kote gen jistis, kote okenn moun oswa gwoup moun pa sou kote ; yon sosyete kote tout moun egalego, fanm kou gason, peyizan kou moun lavil, pitit gwo chabrak kou pitit sòyèt, moun ki gen po nwa kou moun ki gen po klè oswa blanch... Yon sosyete kote tout moun gen menm posiblite pou jwenn sèvis ak enfraestrikti debaz yo (lamanjay, ledikasyon, lasante, kouran...), pou patisipe kòm sadwa nan lavi politik, ekonomik, sosyal, kiltirèl peyi a. Yon sosyete ki pa miwo miba, yon sosyete kote tout moun egalego devan lalwa, kote gen travay (ak diyite) pou tout moun, kote yo respekte diyite ak dwa tout moun nèt. Fè listwa nou enplike lite pou yon « itopi » (nan lang grèk, « *topos* » ki vle di « chimen », epi « *u* » ki siyifi « nan direksyon »), sa vle di, mache nan yon chimen k ap mennen nou nan direksyon nou vle ale a : pwojè sosyete nou vle a, sans nou vle bay lavi nou an kòm pèp.

Filozòf posmodèn yo, tankou Gianni Vattimo ak Jean-François Lyotard<sup>47</sup> pa egzanp, kritike epòk modèn nan ki te pwomèt gwo itopi tankou pwogrè, devlopman, libète, epi ki te imajine yon sijè ki pral fè listwa a vanse nan reyalizasyon itopi sa yo; lotè sa yo anonse epòk sa a fini jounen jodi a, sèl sa li te pote pou sosyete sa yo ki te viv li se « dezanchantman » (tonton Nwèl pa te pote tout gwo kado li te pwomèt yo); okontrè, sa li te pote se te lagè (2 gè mondyal), rejim fasis, babari... Nou ap presize: la a lè nou di itopi, nou pran li nan sans orijinal li, kidonk nou vle di fòk nou gen yon direksyon n ap swiv nan lavi nou kòm pèp (sans lavi nou), epi pou nou mache nan chimen (itopi nou) k ap mennen nou nan direksyon kote nou vle rive a pou nou kapab reyalize sa nou vle a, sa nou vle fè ak lavi nou (fè listwa nou).



Chimen sa a (itopi) ap genyen omwens 2 fonksyon:

- a) Fè nou wè ki direksyon pou nou pran (sans lavi nou), toujou kenbe tèt nou ladann, epi dekouvri ki mwayen pou n itilize pou n reyalize pwojè nou (fonksyon « eristik ») ;
- b) Pèmèt nou kritike (nan sans Kant bay mo *kritik* la nan liv *La Critique de la raison pure*<sup>48</sup>, sa vle di, wè ki kondisyon yo ki rann bagay la posibil, epi wè limit bagay la tou) reyalite n ap viv la, diskou y ap fè sou li a, ak pwojè k ap fèt sou nou, sou lavni nou. Itopi a ap sèvi nou kòm yon bousòl ki pou fè nou wè lè nou pran yon bon oswa yon move chimen: l ap pèmèt nou wè ki kote chimen sa a sòti, ki kote li vle mennen nou, epi wè si li pral mennen nou tou kote nou vle ale a, si se li ki pi bon chimen an epi poukisa.

### **III. Dyalektik ant transfòmasyon sosyete a ak fòmasyon sitwayen yo**

Sans libète nou kòm pèp mennen nou devan gwo defi nou genyen pou n lite kont lenjistis ki nan tout kalte sistèm ak estrikti k ap fonksyone andedan kou deyò sosyete nou an k ap koze povrete, lamizè, lanmò lakay nou jounen jodi a; soukous latè 12 janvye 2010 la vin mete abse sou klou. Men, se nan sitiyaasyon sa a menm nou vin gen devwa pou nou kenbe diyite nou, sa vle di, bay tèt nou valè nou genyen kòm moun, kòm pèp tankou tout lòt yo paske se sèl sa nou rete : sèl nou menm ak diyite nou.

Sans diyite nou kòm pèp mennen nou devan gwo defi nou genyen pou nou poze libète nou (nan sans *pozitif* mo a, ki vle di «reyalize tèt nou », reyalize sa nou vle a, vin tounen sa nou vle ye a, koumanse yon bagay tou nèt). Li mete nou devan obligasyon pou nou fè yon aksyon istorik ki itopik.

Fè yon aksyon istorik ki itopik enplike : 1) fè listwa nou: re-  
envante tèt nou, re-envante peyi nou, kreye yon peyi tou nèf, 2) fè  
yon pwojè ki di kisa nou vle, kisa nou vle fè ak lavi nou, nan ki  
sosyete nou vle viv, ki kalte sistèm politik, ekonomik, sosyal...  
nou vle pou peyi nou, ki kalte Leta nou vle. Yon pwojè ki kapab di  
nou ki chimen pou nou pran (itopi) pou nou rive nan direksyon  
nou vle rive a (sans lavi nou). Nou sot wè kisa sa enplike fè listwa  
nou jounen jodi a ; kounye a, nou pral wè kisa sa enplike fè yon  
pwojè tou nèf pou tèt nou, pou peyi nou. Fè yon pwojè konsa en-  
plike omwens 3 kondisyon, ki se : a) gen yon konstitisyon, b)  
monte yon mouvman nasyonal pou defann « sa nou vle a », c)  
oryante sistèm fòmasyon nou an nan direksyon transfòmasyon  
nou vle pote nan sosyete nou an.

Rive gen yon konstitisyon tout bon vre (ki demokratik) enplike,  
selon Hegel, 1) fòk tout sitwayen yo « lib epi egalego », epi 2) fòk  
pèp la kapab di « kisa li vle tout bon vre a »<sup>49</sup> nan “konstitisyon  
jiridik”<sup>50</sup> sa a, ki dwe se ekspresyon volonte jeneral pèp la ak dwa  
granmoun li. Se pèp la ki pou defini enterè li yo kòm pèp (enterè  
jeneral) ki dwe sou tèt enterè endividi yo ak diferan gwoup yo ki  
nan sosyete a. Yon sitwayen tout bon vre, se sila a ki mete enterè  
jeneral pèp la, ki nan Kontitasyon an, sou tèt enterè pa li, enterè  
fanmi li oswa klas li.

Gen yon lòt pansè, Habermas (nan liv sou *Identités nationales et  
postnationales*) ki ale nan menm sans la lè li di patriyotis ak sit-  
wayènte tout bon vre a pa chita sou baz etnik oswa kitirèl, men  
sou kontni ki inivèsèl yo, tankou dwa moun, yon Leta ki chita sou  
lalwa ak enstitisyon demokratik yo, Konstitisyon peyi a sanksyo-  
ne. Se yon sitwayènte ki konstitisyonèl, ki inivèsèl, epi ki vin kont  
tout nasyonalis tout plim tout plimay, kont tout ti klan.

Nan sans sa a, fòk gen yon desizyon ki pou pran parapò ak Kons-  
titisyon 1987 la: Èske n ap toujou kenbe l konsa, jan li ye a, oswa

n ap pase men ladann? Èske n ap fè yon lòt Konstitisyon ki tou nèf? Repons la se nan deba, nan konsansis ant tout sosyete a nèt li dwe sòti.

Anplis yon konstitisyon, fòk nou monte yon mouvman ki nasyonal pou nou defann Konstitisyon n ap chwazi a. Fòk nou aprann de eksperyans Konstitisyon 1987 la, kote pèp la te chwazi yon pwojè pou sosyete a, men klas politik la ansanm ak elit peyi a pa janm aplike l kòm sadwa. Yo pase l anba pye plizyè fwa, epi apre yo deklare li plis kreye enstabilite pase li ede. Kidonk, fòk pèp la leve kanpe non sèlman pou li di ki pwojè li vle ki pou nan Konstitisyon an, men tou fòk li rete mobilize jouk Konstitisyon an aplike kòm sadwa, fòk li rete vijilan ap siveye tout moun oswa gwoup moun ki ta vle pase l anba pye.

Men, pou fè mouvman nasyonal sa a k ap gen pou *transfòmasyon* sosyete sa a nan yon lòt ki tou nèf (dapre pwòp pwojè nou an k ap nan Konstitisyon an), fòk nou *fòm* sijè, aktè, sitwayen ki pral fè transfòmasyon sa a. Nou pa di edikasyon, ni enstriksyon, nou di fòmasyon (*formatio* nan laten, *Bildung* nan lang alman, *formation* nan lang angle) : sa vle di, nou p ap gen sèlman pou nou pase moun sa yo nan yon moul oswa nan yon fòm, n ap gen pou nou fè yo, kreye yo, envante yo anfonksyon transfòmasyon sa a. N ap gen pou nou fè yo vin tounen sa nou vle yo ye a, parapò ak sosyete tou nèf nou vle fòm a. Kidonk, n ap fòm aktè yo ki pral fòm sosyete tou nèf sa a.

Lide fòmasyon an enplike 2 bagay : a) lanati pa pwogram moun (menm jan ak zannimo) pou li vin tounen sa li ye a, se fòmasyon an k ap fè sa, b) objektif fòmasyon an, se pa sèlman fè moun nan kapab viv nan yon sosyete (vin sitwayen, vin pwofesyonèl, teknisyen, entèlektyèl, vin yon bon papa oswa yon bon manman...), men se sitou pou li kapab vin yon moun tout bon total kapital (inivèsalite). 51

Nou kapab tire 2 konklizyon sa yo. Premyeman, fòmasyon an si-  
poze nou konnen ki kalte moun nou vle fòme, poukisa nou vle fò-  
me yo. « Sa pou nou vin ye a », li pa ekri nan eritaj jenetik nou :  
nou pa fèt tou moun, nou gen pou vin tounen moun gras ak fò-  
masyon an. Se sosyete kote n ap viv la ki dwe deja gen lide sou ki  
kalte moun li vle fòme ki pou vin viv ladann, pou fè l kontinye. Se  
sosyete a ki pou fòme sitwayen li vle genyen an.

Dezyèmman, objektif final fòmasyon an, se pa pèmèt moun nan gen  
yon metye, yon pwofesyon, konn li, konn ekri, kapab panse, refle-  
chi (vin yon teknisyen, yon pwofesyonèl, yon entèlektiyèl), men se  
fè moun nan vin yon moun total kapital. Fòmasyon an pa kreye  
sèlman sitwayen pou yon sosyete, men li kreye moun pou limani-  
te a.

Apati 2 konsiderasyon sa yo, nou kapab devlope yon dyalektik ant  
fòmasyon sitwayen tou nèf yo ak transfòmasyon sosyete a. Nan  
yon premye moman, nou te kapab di fòmasyon an egziste pou li  
fòme sitwayen ki adapte tèt yo ak sosyete a, ak egzijans sosyete a  
(li fòme moun ki pou rantre nan sistèm nan). Se nan sans sa a, yo  
di sitwayen yo gen sosyete yo merite a, menm jan nou te kapab di  
tou sosyete yo gen sitwayen yo merite. kidonk, li ta sanble sistèm  
fòmasyon an (nan ka sa a, edikasyon an) p ap janm mennen nan  
transfòmasyon sosyete a. Se pou tèt sa kèk maksis (sitou Grams-  
ci) pale sou aparèy repwodiksyon ideyolojik yo ki la pou repwodi  
sistèm sosyete a. Ledikasyon an, se ta youn nan aparèy sa yo.

Nan yon dezyèm moman, nou kapab wè tou fòmasyon an vle  
kreye moun tout bon vre: pa bout moun, pa mwatye moun, pa  
sèlman sitwayen yon sosyete, men yon moun « inivèsèl ». Fòma-  
syon an dwe transfòme moun nan (fè li vin moun tout bon), nan  
sans li dwe pèmèt moun nan devlope kapasite pou l fòme pwòp

tèt pa li atravè kèk valè ki inivèsèl ; pafwa l ap blije fòmè tèt li menm kont lide, atitid ak konpòtman pwòp antouray li, kont lide ak chema mantal l ap resevwa nan sosyete li a. Konsa, se sèl fòmasyon an ki kapab pèmèt nou transfòme sosyete a, kreye yon sosyete tou nèf kote moun kapab viv tankou moun tout bon.

Kidonk, fòmasyon sosyete a ap bay la kapab anpeche moun yo transfòme li ; konsa tou, se li ki kapab bay zouti pou moun yo vin moun tout bon vre, sa vle di, moun ki pare pou transfòme sosyete a pou l fè l tounen yon kote moun ap viv tout bon vre. Anplis, yon bon fòmasyon dwe ede moun nan (ki dwe byen pran l tou) transfòme tèt li, sa vle di : vin moun tout bon, menm lè l ap viv nan yon sosyete ki anpeche l vin moun tout bon. Transfòmasyon an tou mande pou gen moun ki fòme pou sa ki pou fè li, sa vle di : moun ki moun tout bon, moun ki pa dakò ak sosyete ki la a paske li pa imen, moun ki fòme nan yon lòt pwojè sosyete tou nèf. Kidonk, transfòme sosyete a, se fòme yon sosyete tou nèf atravè moun ki fòme pou sa (pou transfòmasyon an) : moun ki transfòme tèt yo, moun ki vin tounen moun tout bon, epi ki pre pou goumen pou yon lòt sosyete tou nèf.

## **Fòmasyon pou yon lòt Ayiti tou nèf**

Pou kreye sosyete ayisyèn nou vle a (transfòme sosyete sa nou gen la nan youn ki tou nèf), fòk nou fòme yon jenerasyon Ayisyen tou nèf ki moun tout bon, ki ayisyen tout bon, ki pare pou kreye sosyete tou nèf sa a epi pou viv ladann, pou fè li kontinye. Se yon fòmasyon ki dwe koumanse depi lakay, nan katye a, sou ban lekòl, nan taptap, nan biwo Leta yo, nan inivèsite, nan legliz... La a, nou rejwenn yon bann Ayisyen ki di pwoblèm nimewo 1 Ayiti, se ledikasyon; men, nou ajoute : ledikasyon, nan sans Grèk yo te bay mo sa a *paideia*, ki se yon aktivite k ap montre nou kijan pou nou viv byen -kòm sitwayen, kòm moun tout bon-. Chache *pouki-*

sa n ap viv, se travay filozofi a; chache kijan pou nou viv, se travay *paideia* a : fòmasyon an.

La a nou rejwenn kesyon kle ki gide tout refleksyon nou yo: ki sans lavi pèp ayisyen an genyen jounen jodi a ? Se lè nou konnen *poukisa* n ap viv kòm pèp, n ap kapab konnen kouman pou nou viv. Tout refleksyon yo nèt dwe pote kole pou n fè èmenetik lavi nou, sa vle di, ede nou jwenn oswa bay yon sans ak lavi nou kòm pèp, omwens nan youn nan dimansyon: ekonomik, politik, sosyal, antropolojik, teyolojik, edikasyonèl..

Fòmasyon sa a dwe prepare Ayisyen yo pou yo kapab pote pwojè transfòmasyon sosyete a, pou yo kapab reyalize li. Pwojè sa a, se sa nou vle ye a, se sosyete tou nèt nou vle a. Depi nou fin tabli pwojè sa a, fòk nou koumanse pran reskonsablite nou an men : reskonsablite tèt nou, reskonsablite fas ak sa nou vle ye a. Nou kapab di n ap koumanse vin sa nou vle ye a. Tankou jan Heidegger di l la, sa nou ye a se sa nou vle ye a (sa nou pwojte ye a, se yon pwojè) paske sa nou ye a pa fèmen men li tou louvri (nan lang alman, *Erschlossenheit*)<sup>53</sup> : sa nou ye a, se posiblite nou genyen pou nou ye sa nou vle ye a. Posiblite sa a, pwojè sa a, se yon bagay pou nou devlope, pou nou goumen pou li, pou nou konstwi.

Se pwojè sa a k ap vin bay sans ak listwa nou ak lavi nou paske se li n ap swiv. Se li k ap makònen pase nou, prezan nou ak fiti nou. Se pou nou kapab reyalize l ki fè n ap mobilize tout fòs nou, tout enèji nou, tout posiblite nou yo, tout estrikti ak enstitisyon nou yo. Se pwojè sa a tou ki ta dwe fè nou vin fè yon sèl, ki ta dwe fè nou aji kòm yon sèl moun : se dèyè l nou tout ta dwe kanpe. Se li ki ta dwe poto mitan nou, bousòl nou, menm lè gouvènman ap monte, ap desann, jenerasyon prale, jenerasyon ap vini.

Se sa ki fè pwojè a dwe soti nan yon deba, nan yon konsansis, kote nou defini kisa nou vle ye, ki sosyete nou vle konstwi, pa sèlman pou jounen jodi a, men pou lavni, pou pitit nou, pou pitit pitit nou. Se lè sa a n ap koumanse montre nou vle vin lib tout bon vre ; se lè sa a n ap koumanse panse pou tèt nou, chwazi sa nou vle pou tèt nou, pou lavni nou. Toutotan nou pa gen okenn pwojè oswa plan pou tèt nou, y ap toujou vle enpoze nou youn. Li lè pou nou chita kòm pèp pou nou mete nou dakò sou yon minimòm sou sa nou vle. Pwojè nou kòm pèp, se li k ap defini nou: se fèy wout nou, se kat idandite nou. Pwojè sosyete tou nèf sa a pi enpòtan pou nou nan moman sa a pase yon *kontra sosyal tou nèf* oswa yon *rekonsilyasyon nasyonal*.

Kontra sosyal la enplike pou nou deja gen sosyete tou nèf nou vle a kote nou gen tan tabli ki enterè jeneral n ap defann epi ki bagay (dwa, libète, enterè...) kòm endividi oswa kòm gwoup nou dispoze sakrifye oswa renonse ak yo anfavè enterè jeneral sa a (se menm lide sa a ki alabaz kontra sosyal filozòf modèn yo tankou Rousseau, Hobbes, Locke, Spinoza... te dekri yo).

Anplis, yon kontra, tankou jan Hegel raple l nan liv sou filozofi dwa a<sup>54</sup>, se yon boukantay 2 pati fè ant byen oswa sèvis; yo chak pati yo di ki byen oswa ki sèvis l ap bay lòt la, detan lòt la di ki byen oswa ki sèvis tou l ap bay anretou. Yon kontra se pou boukante yon chòy oswa yon sèvis, sa vle di: yon bagay materyèl. Li enteresan pou wè se nan epòk kapitalis la yo plis koumanse vle aplike lide kontra a nan òganizasyon sosyo-politik la (nan chache fondman sosyete a oswa politik la): epòk sa a vle aplike kategori ekonomik yo nan tout bagay nèt, menm nan sa ki pa ekonomik. La a genyen yon koyensidans: nan peyi nou, se gwoup yo rele « boujwa » yo ki te koumanse pale oswa ensiste sou lide kontra sosyal tou nèf pou Ayiti.

Pou 2 rezon sa yo, nou panse fè yon pwojè sosyete tou nèf pou

peyi a pi enpòtan pou nou kounye a pase fè yon kontra sosyal:

a) enterè jeneral sa a (o sa yo) tout Ayisyen nèt (kòm endividi oswa kòm gwoup) dwe pare pou sakrifye enterè yo pou li a, nou poko defini l ; se nan pwojè sosyete tou nèt sa a n ap gen pou nou fè sa.  
b) nou pa kab aplike yon kategori ekonomik (boukante byen ak sèvis, sa vle di, bagay ki materyèl) ak yon reyalite ontolojik (sou sa nou vle ye). Sa pou nou fè jounen jodi a, se mete sa nou ye a an komen (se poko sa nou genyen yo), pataje sa nou ye a (kòm ayisyen) pou n kapab konstwi sa nou vle ye a.

Pwojè sosyete tou nèt sa a pi enpòtan tou jounen jodi a pase yon rekonsilyasyon nasyonal pou 2 rezon tou. Premyeman, lè nou di rekonsilyasyon nasyonal, sa vle di, rekonsilyasyon nasyon an ; sa enplike nou gen tan fòme yon nasyon, nasyon tou nèt nou vle a. Lide nasyon an sipoze omwens tout pitit peyi a, nou gen yon enterè ki komen (yon enterè jeneral); kidonk, se menm kritik nou te fè ak lide kontra sosyal la : enterè sa a poko defini, se nan pwojè sosyete tou nèt la nou pral fè sa.

Dezyèmman, rekonsilyasyon an enplike 2 bagay : a) gen yon pati oswa yon pòsyon nan nasyon an ki mande padon, paske li pran konsyans li te fè yon bagay ki pa te bon, ki te fè lòt la mal oswa ki te fè peyi a mal ; epi tou, sila yo ki mande padon yo vle rekonsilye tèt yo ak nasyon an, 2) gen yon lòt pati ki ap padone sila yo ki mande padon an; sa vle di, pati ki dwe padone a pran konsyans tou li te viktim lòt pati a ki te fè l mal. Se yon pwosesis ki konplèks anpil, epi ki egzije yon travay pou rekonstwi listwa nou, pou rekonstwi memwa nou, pou konsyantize tèt nou. N ap kapab byen fè sa gras ak pwojè sosyete nou genyen an k ap yon bousòl k ap gide pwosesis rekonstriksyon istorik sa a, ak tout rekonsilyasyon an. Pa egzanp, youn nan objektif rekonsilyasyon sa a, se fè jistis nan sosyete a; men, jistis sa a depann de ki sosyete nou vle, ki konsepsyon jistis k ap nan fondman sosyete tou nèt sa a, yon jan



pou nou pa kontinye ap pwodui epi repwodui povrete.

## **Fòmasyon apati tradisyon nou**

Menm lè sosyete nou vle fòme a, sa nou vle ye a, se yon bagay ki tou nèf; men, pwojè a p ap pati de « anyen » (*ex nihilo*). Sa nou vle ye a, se -an pati- sa nou te ye a ; peyi tou nèf nou vle kreye a, se -an pati- sa zansèt nou yo te vle nou genyen an: sa yo te reve pou nou an. Se tout sa yo te kite pou nou nèt, sa yo te transmèt nou: lendepandans nou, kilti nou, mòd rezistans nou yo, fòm òganizasyon nou yo, echèk yo ak viktwa yo, bon bagay yo ak move bagay yo... Kidonk, se nan tradisyon nou n ap gen pou fòme Ayisyen tou nèf nou vle ki pou transfòme sosyete a.

Youn nan dènye pawòl Toussaint Louverture te di lè Franse yo te arete l, epi yo t a prale ak li nan peyi Lafrans, esplike byen sa nou vle fè konprann la a : « Pye bwa libète nwa yo ap pouse ankò paske rasin li yo fon epi yo anpil. » Se nan rasin sa yo n ap gen pou nou fòme Ayisyen tou nèf sa yo pou yo kapab fè pye bwa libète nou an grandi. « Rive genyen yon peyi ki lib », se te pwojè sa a Toussaint te genyen pou nou ; e se li tou nou toujou genyen, menm lè gen lòt pèp ak kèk « Ayisyen » ki vle koupe pye bwa libète sa a oswa ki eseye dechouke li.

Pwojè nou pral fè a, se pou genyen yon sosyete tou nèf ; men, nou kapab di gen kèk nan poto mitan pwojè sa a ki gen tan la tankou, pa egzanp, libète, diyite, demokrasi. Yo fè pati lit nou, rezistans nou te toujou mennen pou nou fè yo tounen reyalite nan peyi nou. Y ap blije la nan pwojè nou an paske yo fè pati lavi nou kòm pèp, yo bay sans ak listwa nou. Yo fè pati pase nou, yo se prezan nou tou (mouvman sosyal ayisyen yo montre nou sa jounen jodi a), epi yo ta sipoze fè pati fiti nou. Kidonk, nou fè pati tradisyon sa a ki pa mouri, men ki vivan nan mitan nou.

Si Heidegger se filozòf ki fè nou konnen sa nou ye a se pwojè li ye, se posiblité li ye, se fiti li ye; Gadamer li menm fè nou wè sa nou ye a makònen ak tradisyon nou ki toujou fè pati sa nou ye a. Gadamer kritike konsepsyon Ilistrasyon an ki ta vle koupe fache ak tout tradisyon nèt<sup>55</sup> paske li mete rezon an sou tèt yo, epi li pa menm konsidere tradisyon an tankou yon bagay ki rasyonèl. Filozòf alman an demontre tout nou menm nèt (ak tout rezon nou) fè pati yon tradisyon (kèlkilanswa nou dakò oswa nou pa dakò ak sa) ki rantrè byen fon nan nannan nou, epi nou pa menm kapab rive gen konsyans de sa nèt. Habermas<sup>56</sup> te leve kanpe kont reyaksyon sa a Gadamer fè kont Ilistrasyon an.

Men, apre li te vin klè pou toulède lotè yo verite sa a: rezon an istorik (dapre Gadamer) oswa kominikasyonèl (dapre Habermas), li toujou anndan yon listwa, yon tradisyon, yon mond lavi, anndan yon sitiyasyon kominikasyon ; men, sa pa vle di li pa kapab kritike listwa a, tradisyon an, sitiyasyon kominikasyon an. Sa pa vle di non plis li pa kapab kreye yon lòt listwa oswa yon lòt modèl kominikasyon oswa sosyete. Men, youn nan premye travay n ap gen pou nou fè anvan, se pran konsyans kibò nou kanpe : nan ki listwa, nan ki tradisyon, nan ki sosyete...

Se nan sans sa a, nou panse fòmasyon nou vle bay Ayisyen tou nèf sa yo dwe fèt apati tradisyon nou, pa pou nou rete ladann, men pou nou konnen l, pran konsyans sou li menm, yon jan pou nou kapab kritike li nan pran sa ki bon ladann epi rejte sa ki pa bon yo ; se sèlman konsa n ap kapab depase l, chanje l, transfòme l.

### **Fòmasyon an dwe ateri nan reyalite nou jounen jodi a**

Menm lè fòmasyon an se pou pi douvan kreye Ayisyen ki pou transfòme sosyete a nan yon lòt tou nèf, menm lè li dwe pati de tradisyon nou tou, men fòk li ateri nan reyalite n ap viv jounen

jodi a. Li dwe ede nou vin pi prezan nan reyalite sa a, fè nou mete pye nou sou tè a, fè nou ateri. Li p ap yon fòmasyon ki anlè anlè, men li dwe konsidere 2 reyalite sa yo:

a) sa nou ye jounen jodi a, ak pwèn fò nou, ak feblès nou, bagay nou genyen ki bon lakay nou, sa nou gen ki pa bon tou, erè nou yo, viktya nou yo. Se apati sa nou ye a pou nou fè pwojè sou sa nou vle ye a; se apati sa nou ye a tou pou nou li tradisyon nou, entèprete l, konprann li, disènen li. Anplis, fòk nou mete yon bon dòz reyalis sou nou pou nou konprann, pa egzanp, reyalite sa a: jounen jodi a Ayiti malad nan tout kò li; si nou vle transfòme l, se kòm si nou ta pral opere yon malad ki grav anpil, men nou blije fè l operasyon an pou l pa mouri; kidonk, fòk nou fè operasyon sa a ak anpil prekosyon, ak anpil pasyans, detan n ap fè kou nou konnen pou nou pa depase tan nou gen pou sa (sinon malad la ka mouri nan operasyon an).

b) tan n ap viv jounen jodi a, prezan nou, ap fè nou kèk egzijans ki konkrè, epi ki ijan. Nou pa kapab rete sèlman nan tradisyon nou, nan pase nou; nou pa kapab rete non plis sèlman nan lavni, nan fiti a, kote nou reve pwojè nou an pral reyalize. Si nou rete nan pase a, se sèlman nostalji oswa regrè n ap rankontre; si nou rete nan fiti a, n ap vin optimis oswa pesimis. Men, sa nou bezwen plis jodi a se atitid reyalis la pou nou gade reyalite nou fasa-fas, pou nou goumen pou nou koumanse reyalize pwojè nou depi kounye a. Pwojè sosyete tou nèn nou genyen an, se depi kounye a pou nou koumanse travay pou li. Si nou pa fè sa kounye a, l ap vin tounen sèlman yon bèl rèv nou te fè, apre gwo kochma nou te fin fè jou 12 janvyè 2010 la. Men, pwojè sa a se pa yon rèv li ye, li se yon reyalite menm lè li poko fin ateri nèt: fòk nou travay jounen jodi a pou nou reyalize l nèt al kole.

Sa nou vle ye a (pwojè nou kòm pèp), se –an pati– tout sa Toussaint Louverture ak lòt zansèt nou yo te vle nou ye a: yon pèp ki granmoun tèt li (libète), kote tout pitit li yo egalego (egalite), ap viv

tankou frè ak sè (fratènite), epi kote yo tout mete tèt yo ansanm pou yo rete djanm dèyè 3 ideyal sa yo (se nan linyon fòs nou ye). Sa nou vle ye a, se sa nou te toujou vle ye depi 1804. Kidonk, sa nou ye jounen jodi a vin ant sa nou te toujou vle ye a (pase nou) ak sa nou vle vin ye a (fiti nou), yon jan pou nou reyalize nèt al kole sa nou te toujou ye a.

Prezan an se yon *medyasyon* ant pase a ak fiti a, ant tradisyon nou ak pwojè nou. Nou kapab di, menm jan ak Deranty ki t ap entèprete filozofi dwa Hegel la<sup>57</sup>: sa nou ye a alafwa “akeyolojik” ak “eskatolojik”. Li *akeyolojik* paske li deja manifeste tèt li nan pase a, li *eskatolojik* paske li toujou mande nou pou nou reyalize l jounen jodi a epi nan fiti a. Sa nou vle ye a, nou te deja ye l, nou ye l, men fòk nou goumen pou nou ye l nèt al kole. Pou n repete filozòf Spinoza, fòk nou “pèsevere nan èt nou”, sa vle di, rete djanm dèyè sa nou ye a (sa nou te toujou ye a), menm lè nan chak gwo epòk istorik (tankou jounen jodi a) n ap gen pou n re-defini “èt nou”, re-defini tèt nou, bay sa nou ye a ak lavi nou yon sans ki tou nèt.

Pa egzanp, nou vle vin Ayisyen tou nèt oswa kreye yon Ayiti ki nèt, se pwojè nou; men, n ap toujou rete Ayisyen. Si ta vin pa gen Ayisyen ankò, lè sa a p ap gen Ayiti; men depi gen Ayisyen, ap toujou gen Ayiti. Se nou menm Ayisyen ki nannan reyalite sa a ki rele Ayiti. (Se sa ki fè nou panse si nou vle kreye yon Ayiti tou nèt, fòk nou kreye Ayisyen tou nèt.) E sa nou ye kòm ayisyen, peyi nou an ki rele Ayiti, toulède sa yo se eritaj zansèt nou yo, se tradisyon nou, nan sans mo sa a genyen nan etimoloji laten li “*tradere*” ki vle di: livre, bay, remèt. Sanzèt nou yo remèt nou peyi sa a, idantite sa a (èt sa a), men jounen jodi a fòk nou deside kisa n ap fè ak don sa a. Fòk nou montre nou alawotè don sa a, fòk nou montre nou se bon eritye, fòk nou pa gaspiye l, fòk nou pa kite yo pran l nan men nou. Kidonk, pwojè nou pou Ayiti tou nèt sa a, se pwojè

pou pwoteje tradisyon sa a, pou fè l kontinye, pou fè l vin adapte ak tan n ap viv jounen jodi, pou fè li vin pi bèl pou tèt nou, pou pitit nou, pou pitit pitit nou.



## **FINISMAN**

Nou sot fè yon gwo pakou kote nou te eseye raple eksperyans soukous latè 12 janvye 2010 la. Nan rapèl sa a, nou te tandè 3 rèl (« *M pa konprann!* », « *M pa kapab pale!* », « *M p ap viv ankò!* ») ki te pouse nou fè refleksyon sou sans lavi nou jounen jodi a kòm pèp. Refleksyon sa a te tounen nan degre zewo lapawòl ki te nan fon kè nou lè trajedi sa a te pase: yon pawòl k ap toufe nou, epi ki mande nou pou nou pale l, pou nou eseye mete l deyò ak lang nou, ak langaj nou oswa ak lang-lagaj nou.

Soukous latè 12 janvye 2010 la, pou pèp ayisyen an se yon eksperyans ki make yon « anvan » ak yon « apre » nan listwa nou. Nou potko janm viv yon evennman konsa nan listwa nou kòm pèp : se yon lòt epòk istorik tranblemanntè a vin louvri. Li aji sou nou yon fason trajik : nou pa menm pèp la ankò apre 12 janvye a, nou poko janm jwenn mo pou nou kalifye eksperyans nou te viv jou sa a, nou poko jwenn yon sans pou nou ba li non plis. Jouk kounye a, pou nou se yon eksperyans « san sans » li ye nan *li menm menm*, men li mete nou devan obligasyon pou nou konprann li, pou nou ba li yon sans *pou tèt nou, pou lavi nou, pou lavni nou*.

Nou te kritike kèk diskou y ap fè tribòbabò (nou te ale nan sous diskou sa yo pou wè limit yo epi sa ki kache anba yo, ki kote yo vle mennen nou) ki ta vle fè konnen yo konprann eksperyans nou te viv 12 janvye 2010 la. Kèlkilanswa jan nou gade soukous latè sa a, li pa gen sans nan li menm menm; poutan, eksperyans nou te viv nan trajedi sa a egziye nou ba li yon sans pou nou menm kòm pèp, sa vle di: wè kisa nou vle fè ak eksperyans sa a, ki kote nou vle ale ak li. Lè n ap chache sans eksperyans sa a, nou rann nou kont li poze nou yon kesyon sou sans lavi nou kòm pèp jou-

nen jodi a: kisa nou vle fè ak lavi nou apre gwo eksperyans 12 janvye a? Reponn kesyon sa a, se objektif final tout Èmenetik, tout refleksyon sou Ayiti ta sipoze genyen.

Nan chache sans lavi nou, nou wè -menm jan yon bann mouvman sosyal ayisyen ap ensiste sou sa- lavi tout bon vre a makonnen ak libète, ak diyite. Menm lè nou pèdi tout bagay nèt, nou p ap vann ni diyite nou, ni libète nou. Sans libète nou kòm pèp mete nou devan gwo defi non sèlman pou nou vin granmoun tèt nou tout bon vre (rekipere lendepandans nou), men pou nou koumanse yon bagay nèt: re-envante tèt nou, re-envante peyi a dapre yon pwojè tou nèt n ap gen pou fè nan dyalòg ak konsansis tout bon vre sou sa nou vle ye ak sou sosyete tou nèt nou vle a jounen jodi a.

Sans diyite nou kòm pèp mete nou devan nesosite pou nou pran konsyans sou valè nou genyen kòm pèp, sou kapasite nou genyen pou nou fè listwa nou, pou nou transfòme sosyete sa a nan yon lòt ki tou nèt. Yon transfòmasyon k ap mande pou nou fòme Ayisyen tou nèt ki pou vin aktè, sijè transfòmasyon sa a. Yon fòmasyon k ap pati de tradisyon nou, detan li p ap pèdi yon may reyalye n ap viv jounen jodi a.

Aprè gwo pakou sa a, nou kapab tounen sou 3 rèl ki te pouse nou fè refleksyon sa a pou nou eseye reponn kesyon sa a: kisa sa vle di « konprann », « pale » ak « viv » an Ayiti apre 12 janvye 2010?

### **Kisa sa vle di «konprann », « pale » ak « viv » an Ayiti apre 12 janvye 2010?**

Konprann Ayiti jounen jodi a, se eseye chache nan ki sans, nan ki direksyon nou vle mennen eksperyans 12 janvye a, kisa nou vle fè ak li : si nou vle toujou rete prizonye ladann oswa si nou vle pati



ak li pou nou re-oryante lavi nou, sa vle di, ba li yon sans ki tou nèf.

Pale an Ayiti jounen jodi a, se fè jefò pou mete deyò sa ki nan kè nou k ap toufe nou apre gwo eksperyans sa a nou sot viv la. Se jwenn mo, lòt siy (yon lang), men se sitou mobilize tout resous nou gen andedan nou (langaj nou kòm ayisyen, sa vle di, lang nou ki se ekspresyon li, men tou vizyon mond nou, eksperyans lavi nou, tradisyon nou, kilti nou, « jeni » nou, kreyativite nou) pou nou koumanse dyaloge ak tèt nou (sa Platon rele panse a), dyaloge ant nou tout (deba nasyonal) sou eksperyans 12 janvyè a pou nou kapab ba l yon sans. Yon dyalog nasyonal tout bon vre ki kapab mennen nou nan yon konsansis tout bon vre sou ki sans nou vle bay lavi nou kòm pèp, apati sans nou bay eksperyans 12 janvyè a.

Viv an Ayiti jounen jodi a, se yon gwo lit li ye pou pèp ayisyen, plis kounye a pase anvan 12 janvyè. Yon lit kont kèk peyi ak òganizasyon nan kominote entènasyonal la (ak konplisite kèk Ayisyen tou) k ap oprime nou epi k ap oprese nou, sa vle di, k ap toufe nou, k ap anpeche nou viv. Menm pou fè pwojè pou re-konstri peyi nou, se nan goumen mouvman sosyal ayisyen yo ye pou yo anpeche peyi/òganizasyon sa yo enpoze pèp la yon plan rekonstriksyon. Pèp ayisyen an rete an Ayiti, men li deyò peyi a paske yo mete li deyò nan tout desizyon enpòtan k ap pran sou lavi l, sou lavni l. Gen yon ideyoloji neyo-kolonyalis ak rasis (ki ta vle fè konprann pèp ayisyen an pa kapab dirije tèt li) ki oryante tout aksyon k ap eseye mete pèp la deyò menm nan peyi l. Yon ideyoloji ki maske (anba « sa yo pa di » a, ki se volonte « ansyen » mèt yo pou yo pa janm rekonèt nou se moun, nou se yon pèp ki lib, nou kapab egzès libète nou) anba yon diskou ki sanble inosan (ki mete rad solidarite, koperasyon, lanmou, lamitye).

Gen lè soukous latè 12 janvyè a, ki vin mete nou plis anba pye,

tounen yon lokazyon pou fè yo ranfòse ideyoloji sa a, pou fè yo ranfòse opresyon sa a, okipasyon sa a. Se nan kontèks sa a kesyon eksperyans 12 janvyè a poze nou jounen jodi a gen tout rezondèt li : Èske nou vle viv tout bon vre, sa vle di, viv ak diyite, ak libète, tankou moun ?

Se sèlman nan viv ansanm, sa vle di, nan lite ansanm, youn bò kote lòt (pa youn kont lòt), n ap kapab reponn kesyon sa a, menm jan zansèt nou yo te reponn li nan randevou istorik 1804 la. Se sèlman nan bon jan dyalòg, nan bon jan konsansis n ap rive reponn kesyon sa a lavi a poze nou kòm pèp atravè eksperyans 12 janvyè 2010 la ki vin tounen yon glas kote nou kapab gade tèt nou, gade lavni nou.

Tout refleksyon, tout aksyon n ap mennen jounen jodi a an Ayiti oswa pou Ayiti kòm ayisyen, ta dwe louvri chimen pou ede pèp ayisyen an bay lavi li yon sans, ede li jwenn sans li dwe bay lavni li. Yo tout ta dwe kontribye pou ede pèp la fè Èmenetik lavi l, sa vle di, konprann lavi l, bay lavi l yon sans, jwenn ki direksyon pou l bay lavi l. Nou swete refleksyon nou fè la a kapab pote kole nan Èmenetik sa a.

Konsa, n ap envite tout entelektyèl nèt, tout Ayisyen, kèlkilanswa pwofesyon li, ideyoloji li, pou nou anrichi « refleksyon èmenetik » sa a nan yon fasyon « hegelyen », sa vle di, pou nou «nye l detan n ap konsève li pou n depase li ». Si nou pa konsève refleksyon nou nye yo, kijan n ap kapab *raple* ki refleksyon nou te nye epi depase ? Nou p ap bliye eksperyans la se yon gwo tonton makout kote nou mete tout refleksyon, lide ak eksperyans lavi nou te fè anvan yo.

Fòk nou anrichi « refleksyon » sa a tou nan yon fason « gadameryen », sa vle di, nye lide yo nou eseye bay la a nan refleksyon sa a, ak lide tou nèf nou chak ap pote, detan n ap rete

louvri ak lòt kalte eksperyans tou nèf lavi a ap pote, ak lòt kalte konesans ak lide lòt yo ap pote tou. Si nou pa louvri tèt nou ak lòt konesans, kouman n ap fè konnen konesans nèf nou genyen an se li ki kòrèk ?

### **Ki konesans tou nèf sou sans lavi nou kòm pèp eksperyans 12 janvyè a pote?**

Ki konesans tou nèf eksperyans 12 janvyè 2010 la pote pou nou sou sans lavi nou kòm pèp ayisyen jounen jodi a?

Chache sans soukous latè 12 janvyè 2010 la mennen nou nan chache sans lavi nou kòm pèp. Menm jan an tou, chache sans lavi nou jounen jodi a kòm pèp mennen nou nan chache sans soukous latè 12 janvyè 2010 la. Kidonk, yon èmenetik lavi nou kòm pèp dwe ede nou jwenn sans tranblemanntè a genyen pou nou, pou lavi nou, pou lavni nou, menm jan tou yon èmenetik eksperyans 12 janvyè a ap ede nou jwenn sans lavi nou kòm pèp.

Sans lavi nou, se nou ki pou bay lavi nou li apati yon pwojè n ap gen pou fè kòm pèp. Nou te wè pwojè sa a, se pou vin Ayisyen tou nèf, pou kreye yon Ayiti tou nèf : se yon pwojè libète, sa vle di, pou nou vin sa nou vle ye a, pou nou re-defini « èt » nou. Se yon pwojè n ap genyen pou nou fè kòm pèp apati yon dyalòg tout bon vre ak tèt nou, ant nou : pwojè sa a dwe rezilta yon gwo konsansis tout bon vre ant nou.

Nou p ap kapab konprann ni lavi nou, ni soukous latè a, si nou pa genyen pwojè sa a k ap vin rann « konpreyansib » pou nou sa ki te pase nou, sa k ap pase nou, sa ki pral pase nou. Si yon pèp pa konnen ki kote li vle ale (sa li vle, sa li vle ye, poukisa l ap viv, pwojè l), li p ap konnen ni ki kote li soti (pase l), ni ki kote li kanpe (prezan). Se yon pèp ki pa gen ni pase, ni prezan: l ap viv pou l viv. Heidegger di pwojè a se yon « direksyon ki vin rann tout bagay

nèt konpreyansib pou nou...».58

Nou te kapab di pwojè a vin tounen yon « pre-konpreyansyon », sa vle di, yon premye chema oswa estrikti konseptyèl ak mantal, yon antisipasyon nou fè kote nou bay yon premye sans ak tout lavi nou nèt kòm yon ansanm, epi se apati sans sa a nou ap konprann eksperyans nou yo ki fè pati lavi a. Lavi nou kòm pèp se yon « ansanm » nou bay sans (pre-konpreyansyon), epi tout sa ki te pase nou (eksperyans tranblemanntè a pa egzanp), sa k ap pase nou, epi sa ki pral pase nou vin tounen kèk « pati » nou ap konprann apati ansanm sa a ki se sans lavi nou; menm jan an tou, sa ki te pase nou (tankou soukous latè a), sa k ap pase nou, epi sa ki pral pase nou ap ede nou bay sans ak lavi nou tou. Prensip èmenetik sa a rele « *scopus* », kote nou konprann « pati yo » apati « ansanm » nan, menm jan « pati yo » ede nou konprann ansanm nan tou.

Se nan sans a, Heidegger pale sou « sèk konpreyansyon an » ki se fason tout konpreyansyon nèt fonksyone. Se toujou apati yon pwojè nou genyen sou sa nou vle ye -ki fonksyone tankou yon « pre-konpreyansyon », yon « antisipasyon sans »- nou konprann mond la ak tout sa ki ladann : tèt nou, lòt yo, istwa nou, linivè a... Pwojè sa a se, anvan tout bagay, yon pwojè sou « èt » nou, sa vle di, yon pwojè sou « sa nou vle ye ».

Se nan sans sa a, èmenetik eksperyans 12 janvyè a te fè nou wè nesite pou nou fè pwojè sa a sou sa nou vle ye a, pou nou gen pre-konpreyansyon sa a sou sans lavi nou kòm pèp ki pral pèmèt nou konprann tout bagay nèt ki te pase nou (tankou soukous latè a), k ap pase nou epi ki pral pase nou, sa vle di, ba yo yon sans pou lavi nou. Nou tonbe nan yon sèk konpreyansyon: konprann eksperyans 12 janvyè a ede nou konprann lavi nou kòm pèp ki, li menm, pral pèmèt nou konprann eksperyans 12 janvyè a.

Heidegger raple nou « sèk konpreyansyon » (vire an won) sa a, se pa yon move bagay li ye; okontrè, sa li vin montre nou « se yon posiblite positiv konesans fondalnatal sa a genyen »,<sup>59</sup> konesans sa a ki vin anvan tout lòt kalte konesans nèt: teyorik, pragmatik, teknik, filozofik, syantifik... Konpreyansyon sa a fondalnatal tou paske li chita sou « èt » nou, sou egzistans nou; Gadamer di li montre « kijan lavi moun ye nan nannan li ». <sup>60</sup> Konpreyansyon « egzistansyèl » sa a enplike pou nou pwojete tèt nou (se sa ki fè se yon pwojè li ye) sou sa nou vle konprann nan, sa vle di, sou egzistans nou, sou lavi nou. Konpreyansyon sa a makònen ak pwojè nou, sa vle di, ak tèt nou, ak lavi nou, ak sa nou vle ye a. Kidonk, sa nou vle konprann nan –lavi nou- ak nou menm fè yon sèl : lè nou vle konprann lavi nou, se tèt nou n ap konprann; e lè nou vle konprann tèt nou, se lavi nou n ap konprann. Se sa ki fè Gadamer di « tout konprann se finalman ´konprann tèt nou´ ». <sup>61</sup>

Anplis, lavi nou ak tout nou menm, nou toulède benyen nan listwa, sa vle di, nou nan orizon tan an ki tankou yon rivyè k ap koule nan prezan an epi ki soti nan pase pou rive nan fiti. Nou toulède pa etènèl ni nou p ap viv sou lalin : nou se pitit tan nou, nou se listwa. Tankou jan nou te montre l la, nou soti nan yon tradisyon kote nou te resevwa « èt » nou ki se yon pwojè, sa vle di, li se yon posiblite, li se fiti; èt sa a, pwojè sa a, n ap genyen pou nou koumanse reyalize nan prezan an.

Konsa, konprann lavi nou jounen jodi a, se alafwa konprann tèt nou ak reyalize tèt nou. Si nou ta vle itilize langaj Marx la, nou te kapab di : « konprann » lavi nou, se alafwa « entèprete » lavi nou ak « transfòme » lavi nou. Konprann lavi nou se alafwa yon konesans ak yon aksyon. Nou repete l ankò, li se yon « praksis » : yon aksyon ki panse, yon panse ki ap ajì. Se li k ap rann posib tou konesans nou yo, ansanm ak tout aksyon nou yo. Yon aksyon ki

pa chita sou okenn refleksyon p ap mennen nou okenn kote. Yon konesans ki pa mennen nou nan aksyon pa chita sou anyen non plis. Tout konesans dwe ede nou fòme tèt nou (vin moun tout bon) pou nou transfòme reyalyite n ap viv la : enstitisyon nou, sosyete nou, peyi nou, mond nou, sa vle di, lavi nou.

Konprann lavi nou jounen jodi a enplike pou nou genyen yon pwojè kòm pèp. Men, kisa nou bezwen fè jounen jodi a kòm pèp pou nou kapab fè pwojè sa a? Si li difisil pou nou fè yon pwojè pou tèt nou kòm moun, li ankò pi difisil pou nou fè yon pwojè kòm pèp, kòm sosyete, kote gen anpil gwoup moun ki gen enterè (sosyal, politik, ekonomik, ideyolojik, senbolik, relijye, kiltirèl...) ak vizyon ki diferan, epi k ap lite youn kont lòt pou defann enterè pa yo oswa pou enpoze vizyon yo. Mete sou sa, genyen anpil etranje ki gen enterè pa yo ak vizyon pa yo tou, epi k ap chache enpoze tèt yo (oswa ki deja enpoze tèt yo) nan peyi a.

Nou kapab mande tèt nou: Èske li vrèman reyalyis pou nou pale sou pwojè sa a si se etranje yo (gwo peyi yo, gwo òganizasyon entènasyonal yo) k ap deside sou peyi a, si pi gwo otorite yo ki nan peyi a depann prèske total kapital de etranje sa yo?...

Soukous latè 12 janvye 2010 la pa sèlman poze nou kesyon sou ki sans nou vle bay lavi nou kòm pèp, sou gwo egzijans ak defi n ap gen pou n leve pou nou fè yon pwojè sou sa nou vle ye, sou Ayiti tou nèt nou vle a, men li ba nou tou chimen pou nou reponn kesyon sa a epi pou rezoud tout pwoblematik kesyon an soulve. Tranblemanntè a se yon trajedi ki detwi lavi anpil Ayisyen, ki dechalbore peyi a, men li fè nou wè tou verite sa a: nou youn makonnen ak lòt, nou youn soude ak lòt, malgre gwo diferans tout kalte ki genyen (oswa ki kapab genyen) ant nou menm Ayisyen. Se tout Ayisyen nèt alawonnbadè, anndan kou deyò peyi a, ki te resevwa gwo pataswèl trajedi sa a te ba nou jou 12 janvye a. Nou tout te

soufri, nou tout te afekte, menm lè se pa nou tout ki te pèdi moun nan fanmi nou, zanmi nou oswa byen materyèl tankou kay, machin...

Soukous latè a vin ba nou konesans sa a: nou tout Ayisyen, nou fè yon sèl, Ayiti se kòd ki makònen nou. Se lè nou tout Ayisyen nou pran konsyans sou verite sa a, se lè sa a n ap wè tou nesesite pou nou mete tèt nou ansanm kòm pèp, mete sa nou ye a ansanm pou nou bay lavi nou yon sans, pou nou fè pwojè sa a sou Ayiti tou nèf nou vle a, sou Ayisyen tou nèf nou vle ye a. Se youn nan pi gwo konesans eksperyans 12 janvyè a pote nou sou sans lavi nou, e se apati li menm n ap kapab konstwi sans lavi nou kòm pèp, epi fè pwojè sa a sou sa nou vle ye; se lè sa a n ap kapab bay soukous latè a yon sans pou tèt nou, pou lavi nou, pou lavni nou.

Nou konkli ak prensip sa a Karl Popper te envante: yon konesans se « verite », toutotan li pare pou fè fas kare ak eksperyans la, toutotan poko gen okenn eksperyans ki vin « refite l ».





## ANÈKS: KREYÒL LA, YON LANG-LANGAJ

Kesyon lang nan se li menm ki domine tout filozofi a depi finisman 20yèm syèk la. Gen yon filozòf alman, Jürgen Habermas, ki menm rive di tout filozofi a nèt rive nan yon “*kalfou lengwistik*”. E se nan kalfou sa a kote anpil lòt disiplin tankou sosyoloji, sikoloji, lengwistik, medsin, edikasyon... pral blije panche yo sou pwoblematik lang nan.

Youn nan premye moun ki te anonse “kalfou” sa a se Frédéric Nietzsche (1844-1900), ki te rive poze yon kesyon jouk jounen jodi a nou kontinye ap poze tèt nou: “*kiyès oswa kisa k ap pale, lè yon lang ap pale?*”

### « Kreyòl pale »

Youn nan pwovèb nou yo te pote repons la: “Kreyòl pale”. Gen yon gwo powèt franse tou, Stéphane Mallarmé, ki te reponn nan menm sans la: “se pwòp lang nan ki pale », nan zantray li, nan tout resous li genyen ki kache yo, nan mistè li. Se lang nan ki pran lapawòl pou li pale, pou li di sa ki nan nannan li. Nan sans sa a, se kreyòl ki pale. Se pa nou menm ki pale lè kreyòl la ap pale; men, se kreyòl la ki pale nan bouch nou.<sup>62</sup>

Nou vini sou latè, nou wè kreyòl la, nou tande kreyòl la, nou aprann pale ak kreyòl la, nou aprann di sa nou santi, sa nou panse, sa nou bezwen ak kreyòl la. Nou fè politik, relijyon, ekonomi, ak kreyòl la. Nou viv ak kreyòl la.

Gen yon filozòf britanik, Ludwig Wittgenstein, ki di lang nan se pa sèlman yon vizyon sou lavi li ba nou, men li menm li se yon « mond kote nou ap viv » (« *monde de vie* », nan lang frase). Se la-dann nou viv. Se li ki lavi nou. Relasyon ant lang nou ak nou,

nou kapab di : lang nou se lanmè an, epi nou menm nou se yon bann ti pwason k ap viv ladann.

### « **Nou se kreyòl** »

Se nan sans sa a, filozòf alman ki rele Martin Heidegger a te toujou di tout kesyon yon moun poze sou lang, tout etid yon syantifik oswa yon filozòf ap fè sou lang, ap tonbe nan yon « sèk vi-sye » (vire an won) paske se ak menm lang lan nou ap poze kesyon an oswa fè etid la.

Kidonk, nou toujou nan lang la. Se li menm ki defini nou, se pa disiplin syantifik oswa filozofik yo, gramè yo, diksyonè yo, akademi yo, ki defini lang la. Yo tout tonbe nan “sèk visye” lang la: yo sòti andedan l menm pou yo tonbe nan menm li menm ankò.

Heidegger te ekri: “*Nou pale lè je nou klè; nou pale lè n ap reve. Nou pale toutan, menm lè nou pa di okenn mo, menm lè n ap tandè oswa n ap li ; nou pale menm lè nou p ap tandè vrèman, menm lè nou p ap li, menm lè n ap fè yon travay kèlkonk oswa nou p ap fè anyen. Nou pale toutan, yon fason oswa yon lòt. E sa ki fè sa konsa se pa paske nou vle pale... men se paske moun se moun, toutotan li ap pale.* »<sup>63</sup>

Kidonk, se pawòl la, kapasite pou pale a, lang la ki defini nou, ki fè nou sa nou ye a. Lide sa a tonbe daplon ak yon lòt ti pawòl nou renmen di : *Nou se kreyòl*. Se pa nou menm ki fè lang nou pale a – kreyòl la- vin tounen lang kreyòl, men se lang kreyòl la ki fè nou tounen kreyòl. Kreyòl la se li ki ba nou idantite. Se li ki fè nou sa nou ye a.

Nou se kreyòl toutotan kreyòl la ap pale nan nou : nan bouch

nou, nan lekòl nou, nan legliz nou, nan sèvo nou, nan enstitisyon nou, nan lit nou, nan tribinal nou, nan pwezi nou, nan literati nou, nan reyinyon nou... Nou se kreyòl toutotan n ap pwodui nan kreyòl, toutotan n ap defann lang kreyòl la, toutotan nou p ap itilize lang kreyòl la pou defann zafè pèsònèl nou. Toutotan nou pran konsyans nou se kreyòl. « *Kreyòl pale, kreyòl konprann.* »

### « **Kreyòl konprann** »

Pou filozòf Hans-Georg Gadamer, « konprann » pa vle di nenpòt bagay. Filozòf la fè nou konnen: chak fwa nou di nou *konprann*, se tèt pa nou nou konprann nan bagay nou konprann nan. Gadamer raple nou mo *konprann* nan soti nan yon ekspresyon yo te konn itilize nan tan lontan nan domèn Dwa. Nan tan sa a, lè yon moun te di li te *konprann*, sa te vle di « li kapab defann kòz li nan tribinal ».64

Nou kapab di tout bon vre lang kreyòl la se li ki toujou defann tèt li nan tribinal listwa. Li toujou defann tèt li, epi li toujou defann nou tou.

Se li ki te ede nou defann kòz libète nou, lè nou te anba kolonizasyon peyi Lafrans. E malgre tout lit, tout prejije gwo zotobre yo mennen kont lang kreyòl la depi 1804 jouk jounen jodi a, li toujou kanpe fèm, li toujou rete djanm.

Atravè tout listwa nou, gen de lè diktati yo te konn vle mete baboukèt nan bouch nou. Men, nou pa te bezwen louvri bouch nou pou nou te pale, pou nou te lite kont diktati sa yo, paske nou tout te konnen « *kreyòl pale, kreyòl konprann* ». Kreyòl la te pale ak tanbou, ak kòn lanbi, ak banbou, ak fèt, ak dans, ak seremoni...

E kreyòl la te konprann. Sila yo ki te kreyòl yo, yo te konprann. Nan tout lit nou t ap mennen yo, kreyòl la te toujou douvan, epi nou menm nou te deyè l.

Kreyòl la se **pa sèlman lang nou**, se tradisyon nou, se listwa nou, se lit n ap mennen yo, **se langaj nou** : kreyòl se nou, nou se kreyòl. « Lang nou ak nou, kreyòl pou kreyòl. » Batay jounen jodi a pou lang kreyòl la, se batay pou tèt nou, batay pou pase nou, pou prezan nou, pou lavni nou.

## **LIV AK DOKIMAN NOU FÈ REFERANS AK YO<sup>65</sup>**

ARENDR, Hanna, *Qu'est-ce que la politique?*, Paris, Seuil, 2001

BUCK-MORSS, Susan, *Hegel et Haïti*, Paris, Éditions Léo Scheer, 2006

CASTEL, Robert, *Las metamorfosis de la cuestión social. Una crónica del asalariado*, Buenos Aires, Editorial Paidós, 1997

DERRIDA, Jacques, *La voix et le phénomène. Introduction au problème du signe dans la phénoménologie de Husserl*, Paris, Presses Universitaires de France, 1967

FALLACI, Oriana, *Entrevista con la historia*, Bogotá, Ediciones nacionales Círculo de lectores, 1980

FOUCAULT, Michel, *Les mots et les choses: une archéologie des sciences humaines*, Paris, Éditions Gallimard, 1966

FRANKL, Victor E., *El hombre en busca de sentido*, Barcelona, Editorial Herder, 18<sup>a</sup> edición, 1996

FROMM, Erick, *¿Tener o ser?*, México, Fondo de Cultura Económica, 1998

GADAMER, Hans-Georg, *Vérité et Méthode. Les grandes lignes d'une herméneutique philosophique*, Paris, Éditions du Seuil, 1976

GADAMER, Hans-Georg, *El problema de la conciencia histórica*, Madrid, Editorial Tecnos, Segunda edición, 2000

GLISSANT, Edouard, *Le discours antillais*, Paris, Editions Gallimard, 1997

GRONDIN, Jean, *L'universalité de l'herméneutique*, Paris, Presses Universitaires de France, 1993

HABERMAS, Jürgen, *La lógica de las ciencias sociales*, Madrid, Editorial Tecnos, 1990

HABERMAS, Jürgen, *Identidades nacionales y postnacionales*, Madrid, Editorial Tecnos, 1989

HEGEL, *La Phénoménologie de l'esprit. La science de l'expérience de la conscience*, Paris, Éditions Montaigne, 1941 (Traduction de Jean Hyppolite)

HEGEL, *Science de la logique*, Paris, Aubier Montaigne, 1972 (Traduction de Pierre-Jean Labarrière et Gwendoline Jarczyk)

HEGEL, *Filosofía del derecho*, México, D.F., Juan Pablos Editor, 1980

HEGEL, *Lecciones sobre la historia de la filosofía*, Tomo 1, México, Fondo de Cultura Económica (FCE), 1981 (3yèm edisyon), p.96.

HEIDEGGER, Martin, *Être et Temps*, France, Authentica, (Traduction nouvelle et intégrale du texte de la dixième édition par Emmanuel MARTINEAU), 1985

HEIDEGGER, Martin, *Introducción a la Filosofía*, Madrid, Ediciones Cátedra, 1999

HEIDEGGER, Martin, *Acheminement vers la parole*, Paris, Gallimard, 1976

HUSSERL, Edmund, *Crisis de las ciencias europeas y la fenomenología trascendal*, México, Folios Ediciones, 1984

KANT, *Crítica de la razón pura*, Tomo I y II, Buenos Aires, Editorial Losada, 1983

KANT, *Fondements de la métaphysique des moeurs*, Paris, Gallimard, 1985, tr. F. Alquié

LEQUAN, Mai, *La philosophie morale de Kant*, Paris, Éditions du Seuil, 2001

LOUDOR, Wooldy Edson, *Relación entre Hermenéutica y Lenguaje en el libro Verdad y método de Hans-Georg Gadamer*, Guadalajara (México), Instituto de Estudios Superiores de Occidente (ITESO), 2002

LOUDOR, Wooldy Edson, *Heidegger et Gadamer ou l'herméneutique comme un nouveau style de philosophie*, Port-au-Prince (Haïti), 2003

LYOTARD, Jean-François, *La condition postmoderne: rapport sur le savoir*, Paris, Les Éditions de Minuit, 1979

MARSHAL, T. H., “*Ciudadanía y clase social*” en Marshall T. H. y Bottomore, T. *Ciudadanía y clase social*, Madrid, Alianza Editorial, 1998

MARX et ENGELS, *L'idéologie allemande*, Paris, Éditions sociales, 1977

P. ERRANDONEA, Ignacio, *Diccionario del mundo*, Madrid, Editorial labor, S.A., 1954

SAVATER, Fernando, *Ética para Amador*, Serie Ápeiron “Invitación a la filosofía”, 10ª edición

VATTIMO, Gianni, *La fin de la modernité. Nihilisme et herméneutique dans la culture postmoderne*, Paris, Seuil, 1987

Revista Theologica Xaveriana. *Desterrados, entre el silencio y la esperanza*, No. 149, Bogotá, Enero-Marzo 2004. Artículo de José María Vigil, *La opción por los pobres es opción por la justicia y no es preferencial*

Archives de philosophie, juillet-Septembre 2002, Tome 65—Cahier 3, Revue trimestrielle, Paris, article de Jean-Phillipe DÉRANTY, *Lectures politiques et spéculatives des Grundlinien Der Philosophie Des Rechts*



## NÒT NAN PYE PAJ YO

### Douvan pòt la

1 Sitou Ayisyen ki nan dyaspora yo ki t ap gade evennman sa a nan televizyon oswa sou entènèt.

2 Pi douvan, nou pral montre nan ka eksperyans lavi a oswa lavi a menm, sans nou jwenn nan se menm sans nou te bay la, epi bay yon sans (ak eksperyans lavi a oswa ak lavi a) se menm sans nou pral jwenn nan.

3 LOUIDOR, Wooldy Edson, *Relación entre Hermenéutica y Lenguaaje en el libro Verdad y método de Hans-Georg Gadamer*, Guadalajara (México), Instituto de Estudios Superiores de Occidente (ITESO), 2002, ak LOUIDOR, Wooldy Edson, *Heidegger et Gadamer ou l'herméneutique comme un nouveau style de philosophie*, Port-au-Prince (Haïti), 2003

4 Nan lang franse, “*herméneutique du soupçon*”, se yon konsèp Paul Ricoeur te fòje nou reprann nan travay nou an.

### Premye pati

5 Nou pral anrichi konsèp “eksperyans” nou an ak konsèp filozòf alman Hegel devlope nan kokenchenn liv li a *La Phénoménologie de l'esprit. La science de l'expérience de la conscience*, Paris, Éditions Mouton, 1941, epi ak konsèp yon lòt filozòf alman, Hans-Georg Gadamer, itilize nan liv li a ki rele *Vérité et Méthode. Les Grandes lignes d'une herméneutique philosophique*, Paris, Éditions du Seuil, 1976.

6 Mouvmman dyalektik sa a, Hegel rele l nan lang alman « *aufheben* »

7 « *Verbum cordis la* » se pawòl sa a nou jwenn nan degre zewo a: premye pawòl sa a nou jwenn nan kè nou, epi nou pa kapab mete deyò. Menm lè zewo pa gen okenn valè (nan yon adisyon oswa yon soustraksyon : li pa wete ni li pa ajoute anyen), men li se yon nimewo : li se nimewo zewo, sa vle di nimewo ki pa gen valè a. Pawòl ki nan degre zewo a, menm lè li pa eksprime anyen ak mo, men li la, li se yon pawòl k ap « bouyi » nan kè nou, nan lespri nou : yon pawòl ki vle pran kò, ki vle pran fòm. Se poutèt sa nou di li se menm bagay ak « *verbum cordis* » Sen Ogisten an.

8 Anplis liv Sen Ogisten sa a, nou kapab konsilte : GRONDIN, Jean, *L'Universalité de l'herméneutique*, Paris, Presses Universitaires de France, 1993

9 Se filozòf grèk Platon ki te defini panse a konsa: yon dyalòg nanm nou ap fè ak tèt li.

10 Lide sa a, Paul Ricoeur devlope l anpil tou nan Èmenetik li a.

11 Egzòd 2, vèsè 24.

12 GADAMER, Hans-Georg, *Vérité et Méthode. Les grandes lignes d'une herméneutique philosophique*, Paris, Éditions du Seuil, 1976, p.487

13 Anpil istoryen (tankou Susan Buck-Morss nan liv *Hegel et Haïti*, Paris, Éditions Leo Scheer, 2006) ki etidye lavi ak panse Hegel fè konnen filozòf la jwenn solisyon dyalektik sa a nan Revolisyon ayisyèn 1804 la. Yo montre Hegel te byen konn listwa

Ayiti a, li te konn swiv (tankou tout lòt gwo pansè ewopeyen yo) evolisyon sitiyasyon Sen Domeng nan nan anpil jounal nan Ewòp.

14 Etazini te okipe Ayiti soti 1915 pou rive 1934.

15 Heidegger te di depi yon timoun fèk fèt, li gen tan pre pou li mouri : moun se yon « èt pou lanmò .»

16 Nan lang franse, « *L'existence précède l'essence* ».

### **Dezyèm pati**

17 GLISSANT, Edouard, *Le discours antillais*, Paris, Editions Gallimard, 1997, p.28

18 Levanjil Jan : chapit 1, vèsè 2 ak 3

19 Se youn nan pi gwo prensip kouran sikanalis la preche epi pratike ak pasyan yo.

20 *Le discours antillais*, p. 55

21 Ibid, p. 553

22 Nan fim *The agronomis* Jonathan Dimme te fè, epi ki te parèt nan lane 2007.

23 HEIDEGGER, Martin, *Être et Temps*, Paris, Authentica, (Traduction nouvelle et intégrale du texte de la dixième édition par Emmanuel MARTINEAU, chargé de recherches au Centre National de la Recherche Scientifique), 1985

24 DERRIDA, Jacques, *La voix et le phénomène. Introduction au problème du signe dans la phénoménologie de Husserl*, Paris,

Presses Universitaires de France, 1967. Oswa konsilte dirèkteman liv “*Recherches logiques*” Husserl te ekri.

### **Twazyèm pati**

25 MARX et ENGELS, *L'idéologie allemande*, Paris, Éditions sociales, 1977

### **Katriyèm pati**

26 SAVATER, Fernando, *Ética para Amador*, Serie Ápeiron “Invitación a la filosofía”, 10<sup>a</sup> edición, p.29

27 FRANKL, Victor E., *El hombre en busca de sentido*, Barcelona, Editorial Herder, 18<sup>a</sup> edición, 1996

28 N ap fè referans ak kèk kominike oswa nòt pou laprès divès platfòm oswa rezo òganizasyon te pibliye pou fikse pozisyon yo sou pwosesis re-konstriksyon an apre soukous latè 12 janvye 2010 la.

29 Mouvman sosyal ayisyen yo denonse, pa egzanp, demach Plan Evalyasyon Bezwen apre Katastwòf (PDNA) Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn lan te lanse 15 fevriye 2010 ki sot pase a, kote se “150 teknisyen gouvènman an, 90 reprezantan enstitisyon entènasyonal ak yon gwo prezans òganis miltinasyonal yo” gouvènman an te envite pou vin fè travay sa a nan Sant Konvansyon Karibe nan Petyonvil.

30 An franse, *le sens de l'être*.

31 GRONDIN, Jean, *L'universalité de l'herméneutique*, Paris, Presses Universitaires de France, 1993, p.220

32 Derrida rele pwosesis sa a, nan lang franse, « *différance* » (avèk a, olye e).

33 Nan sans sa a, Hans-Georg Gadamer ak Jurgen Habermas tonbe dakò nèt al kole.

34 HABERMAS, Jürgen, *La lógica de las ciencias sociales*, Madrid, Editorial Tecnos, 1990, p.303

35 GADAMER, Hans-Georg, *Vérité et Méthode. Les grandes lignes d'une herméneutique philosophique*, Paris, Éditions du Seuil, 1976, p.470

36 Nou travay ak tradiksyon panyòl liv sa a ki gen original li nan lang alman: HUSSERL, Edmund, *Crisis de las ciencias europeas y la fenomenología transcendal*, México, Folios Ediciones, 1984

37 P. ERRANDONEA, Ignacio, *Diccionario del mundo*, Madrid, Editorial labor, S.A., 1954, p.827

### **Senkyèm pati**

38 Fraz sa a, nou te pran li nan yon entèvyou jounalis italyèn Oriana Fallaci te fè ak Naradom Sihanuk. Yon entèvyou yo te tradui epi pibliye nan liv FALLACI, Oriana, *Entrevista con la historia*, Bogotá, Ediciones nacionales Círculo de lectores, 1980, pp.73-99

39 MARSHAL, T. H., “*Ciudadanía y clase social*” en Marshall T. H. y Bottomore, T. *Ciudadanía y clase social*, Madrid, Alianza Editorial, 1998

40 CASTEL, Robert, *Las metamorfosis de la cuestión social. Una*

*crónica del asalariado*, Buenos Aires, Editorial Paidós, 1997

41 VIGIL, José María, nan atik *La opción por los pobres es opción por la justicia y no es preferencial*, Revi Theologica Xaveriana. *Des-terrados, entre el silencio y la esperanza*, No. 149, Bogotá, Enero-Marzo 2004, p.158

42 Ibid, p.158

43 Ibid, p.159

44 FROMM, Erick, *¿Tener o ser ?*, México, Fondo de Cultura Económica, 1998

45 HEGEL, *Science de la logique*, Paris, Aubier Montaigne, 1972 (Traduction de Pierre-Jean Labarrière et Gwendoline Jarczyk)

46 ARENDT, Hanna, *Qu'est-ce que la politique?*, Paris, Seuil, 2001

47 VATTIMO, Gianni, *La fin de la modernité. Nihilisme et herméneutique dans la culture postmoderne*, Paris, Seuil, 1987; LYOTARD, Jean-François, *La condition postmoderne: rapport sur le savoir*, Paris, Les Éditions de Minuit, 1979

48 KANT, *Crítica de la razón pura*, Tomo I y II, Buenos Aires, Editorial Losada, 1983

49 HEGEL, *Lecciones sobre la historia de la filosofía*, Tomo 1, México, Fondo de Cultura Económica (FCE), 1981 (3<sup>ya</sup> edición), p.96.

50 Ibid

51 GADAMER, *Vérité et méthode...*, p. 27

52 Ibid., p. 503

53 HEIDEGGER, *Être et temps*, op.cit., p.63

54 HEGEL, *Filosofía del derecho*, México, D.F., Juan Pablos Editor, 1980

55 GADAMER, *Vérité et méthode*, op.cit., p.296

56 HABERMAS, *La lógica de las ciencias sociales*, op.cit.

57 Archives de philosophie, juillet-Septembre 2002, Tome 65— Cahier 3, Revue trimestrielle, Paris, article de Jean-Phillipe DÉRANTY, *Lectures politiques et spéculatives des Grundlinien Der Philosophie Des Rechts*, p. 444

## **Finisman**

58 HEIDEGGER, *Être et temps*, op.cit., p. 123

59 Ibid., p.124

60 GADAMER, *El problema de la conciencia histórica*, op.cit., p.72

61 GADAMER, *Vérité et méthode...*, op.cit., p. 27

## **Anèks**

62 FOUCAULT, Michel, *Les mots et les choses: une archéologie des sciences humaines*, Paris, Éditions Gallimard, 1966, p. 317

63 HEIDEGGER, Martin, *Acheminement vers la parole*, Paris, Gallimard, 1976, p.13

64 GADAMER, Hans-Georg, *El problema de la conciencia histórica*, Madrid, Editorial Tecnos, Segunda edición, 2000, p.74

## **LIV AK DOKIMAN NOU FÈ REFERANS AK YO**

65 Se nou menm ki te eseye fè tout tradiksyon liv ak dokiman sa yo nan lang kreyòl.